ISSN 0132-9723

ЗОЛОТОЙ ФОНД ПРЕССЫ 2023



4.2023

# МагIарулай





# Нахъойги туристазул хIакъалъулъ…

Пандемияги багъарун, къватIи-сел хIукуматазде ине ресги гьечIого, туристаз жидеего рагьана Дагъистан. Нилъерго пачалихъалда жаниб гIажаибго берцинаб бакIги батун, тIоцере щварал туристазе алжаналде щвараб хIисаб букIана ва гьеб гьез жамгIиял гьундузда загьирги гьабуна. ГIемерал цIаррагIарал артистал, блогерал ва гIадатиял туристаз дагъистаналъул гьобол хиралъиялъе, тIагIамаб квание, хIикматаб тIабигIаталъе кучIдул ахIана.

Гьелъул гIаксалда гьабулелги камичIо. Цодагьаб цебегIан дица «Комсомолалъул правдаялда», хIатта «Фортсеталдагицин» туристаз Дагъистан какарал пикраби цIалана. Конкурентазул заказ батилилангицин ккана ракIалде. Бищунго гьезие данде кколареб – кьищнидул гохIал ва туристазе гьечIел санагIалъаби. Абизе рагIи гьечIо – битIараб бугеблъидал. Амма кутакалда рекIее гIечIо нилъерго хIакъалъулъ гьеб цIализе …

Цо-цо нилъеразги хвезабулеб буго нилъерго хIакъалъулъ лъикIаб пикру. Нилъеда гъорлъ руго рачIунгейила, щибизе къваригIарал чагIийила кинабго жоги хиралъизабун гьел туристалилан абулел чагIиги. У, гьеб туристазул гIайиб рагIула. Гьел зодоре багьаби рахинарулел, жидер квартирабаздаса гIемераб мехалъ гIумру гьабун ругел хъизанал къватIире гъолел, нилъераздаго гурищ гIайиб бугеб? Гьел гурищ нечезаризе ккола? Цойги, буго «республикаялъул яхI-намус цIунулезул хасаб къокъа». Нужедаги гIемер рихьун ратила хъачIго туристазда кIалъалел гьезул вакилзаби.

Разияй йиго, бетIералда кIаз гьечIого руччаби къватIире рахъунарел росабалъ ва гьединал регионазда тIаса ретIелги бахъун хьвадулел туристал рекъон рукIинаро. Амма сундуе гIоло гьебсагIат телефоналдеги бахъун киса-кибего тIибитIизабулеб жидерго тарбия щвечIолъи ва культура гьечIолъи. Дозулги руго гури гIагарлъиги, гьудуллъиги, лъималги. АхIдон, хьандон, гIадамал хIакъир щай гьарулел? Хьул буго телефоналда бахъизелъун хIараб батилилан, амма чахъаби къунцIулеб кIвекьмахалъ рас къунцIизе дур ихтияр щиб? Дида цойги бихьана, къваригIаралда хадуй тукаде жание лъугьарай, гъорлъан канлъи бихьулеб ретIел ретIарай ясалде ахIдолев гIолохъанчи. БихьинчичIужугIаданалде! Гьеб хутIизегIан кинабго лъикI бихьула нилъерилан абизе бокьун букIана гьеб бихьидал. Гьадай гьитIинай ясалде гIадин, бикъулезде, хъамулезде, рищватчагIаздеги роргулелани! Нилъеего бокьуларогури цогидал регионазда нилъер ретIел-куналда тIасан рагIи абизе.

БитIараб буго, нилъ батIи-батIиял руго. Туристалги батIи-батIиял дандчIвала. ЛъикI букIина нилъеца лъицаниги ихтияразул гIорхъаби рахинчIони. Бокьа-бокьараб гьабизе лъугьани, тамихIалде цIазеги рес буго.

Дагъистаналда хIалтIи щоларого проблемаби руго, харжалги дагьал руго, гIадамазе гIарац гьабизе рес щвей квешищ бугеб? ГIемерисезе гьеб хIажат буго. Туризм – гьеб хIалтIиги, харжги, даран-базарги, транспортги буго. Гьез цо-цониги суалал тIуралелги руго.

Нилъер буго гIемерхалкъазул ва гIемер культурабазул республика. РачIа, туристал хIинкъизаричIого ва тIуризаричIого рукIине, сабру гьабизе. ХIехьезего кIолареб жо бихьани, цодагьал дорегIанги ахIун, гIодоре риччан бичIчIизабизе бегьула гIадамазда гьеб ретIел рекъон гьечIилани, хъалиман бухIулел, хасго руччаби, нилъее рокьулариланги, гIадамал ругеб бакIалда къочари тIубан гIорхъолъа ин бугиланги. Гьебго заманаялъ «нилъерго бадиб бугеб чIалуги» кIочене бегьиларо.

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:

РОКЬИ ГIАДАЛАБ ЖО .................... 5



Ясалъ гьадинги ричана гьесул эбел – инсуца рачIарал киналго месedил жалги, гьесие битIана гIарацги. Гьелдаса анкь иналде гьес ахIун бачIана I50 000 гъурущ балагьеян. Гьеб балагьизе кIоларилан абидал, дов цIидасаги жувана хIинкъаби кьезе. Гьеб механда Шарипат лъугьана жий цIунейилан якьадалда гьардезе. Гьей абуни хичана ва дагьаб хутIана кьабизеги.

ДИР ТАЛИХI – МУЗЫКАЛИЯБ ХЪИЗАН ............... 10



Расниги йиххичIого жаваб кьуна Цибацица, битIараб жаваб кьезе захIматабилан абизе бегьулеб, гьезул кIиязулго рокьовги къватIивги аслиявлъун щив кколев абураб суалалъеги.

– Баянаб жо – сценалда цеехъан дун йиго, рокьоб – къватIиб нухмалъулев ккола Ханаци.

БАБАЛ БАКЪ.................................. 14



- Дир йикIарай берцинай баба. Цо елъулей йикIарай берцингоги. Дие бокьун букIана гьелъухье воржине. Гьелъул горбода къвалги бан, гIодизеги бокьун букIана. Цоги бокьун букIана, Халунбаба, дой нилъехъго рещтIине. Дуца абичIищха долда ракьалде ячIине кIоларилан, - ги абун, гIод-гIодун виччан тана Мансур.

ГЬЕБ ЛЪИМАЛАЗЕ УНГО-УНГОЯБ РУКЪ БУГО .................................... 29



Хунзахъа рос-лъади рачIана нижехъе. Рос вукIана комбайналда хIалтIулев чи, лъади – доярка. Гьезул лъималги рукIинчIо. Дица гьезда абуна сахаб бесдаллъимер гьезие кьезе гьечIилан. Гьез абуна: «Нижеца хIукму гьабун буго хьихьизе лъимер тIаде босизе, сахаб батичIони загIипабги бачине буго, БетIергьанасда цере рахьине рацIцIадаллъун рукIине»..

# РОСУ-РАКЬ ЧІУХІАРАЙ...



Чанго соналъ цебе ЧІарада районалъул тахшагьар ЦІуриб росулъе щварай дун гІажаиблъун йикІана, гьениб кутакалда бечедаб ва берцинаб лъималазул ах бихьун. Шагьаразул парказдагицин гьечІелгІан гІажаибал гьерчераби, расанкІаби, каруселал ругоан гьенир. Гьенибго, гьелъул нухмалъулей, берцинай, чІурканай, сабурай Муслиматилгун къокъабго лъай-хъвайги ккун букІана. Гьелъул берзул балагьиялдалъунго бичІчІулеб букІана ургъел, тІалаб гьечІого щибго толарей, жавабияй гІадан гьей йикІин.

ГІемер заман иналде рагІана Муслимат, Гьилиб, Мощоб ва Содаб росабиги гъорлъе унеб, ЦІуриб росдал советалъул бегавулльун йищун йигилан. МухІканго лъала, гьей йищиялдаса росабазул жамагІатал рекІекълъичІолъи. Дагьаб заманалда жаниб гьел росабалъ гьабунщинаб хІалтІи цере анцІ-анцІ соназги гьабун букІинчІелъул.

**Дица гьикъана Муслиматида кин духъа гьеб бажарарабилан.**

- Дие гьитІинаб мехалдасаго, инсуца, я цере, я нахъа рукІине лъикІаб букІунарин, бакьулъ бакІалда рукІине кколилан малъун букІаниги, бокьулаан цеехьанлъун йикІине. Школалдаги цин старосталъун йикІана, хадуй комсорглъун.

Ригьнадеги ун, дун МахІачхъалаялде ккана гІумру гьабизе. ЦІализе иналъул цІар бахъидал, росас абуна жив вугила дур цІалийилан. Гьесул рагІиялдаса таруларей дун, лъималги хьихьун, рукъги данде бачун, росасе хъулухъги гьабун, І4 соналъ рокъой йикІана. Цо нухалъ гьоболлъухъ вачІарав районалъул нухмалъулев ХІасан ХІамзатович ЖахІбаровас, гьоркьо-моркьобго гІадин, нужее росулъе рахъине бокьун гьечІищилан гьикъана…

2007 соналъ ниж хъизан-лъималгун ЦІурибе рахъана ва дун лъугьана районалъул ракьазул комитетаталде хІалтІизе. Росдал магІишаталъул институталде цІализеги лъугьана. Гьений цІалулаго ТІолгороссиялъул батІиял пачалихъазулгун студентал хисулел конкурсалда бергьенлъиги щун, Америкаялде йитІулей йикІана. Эбелалъе рекІее гІечІо, дунги инчІо.

**- І4 соналъ рокъойги йикІун, лъабго тІадегІанаб цІали щвезе заман кидалгІаги дуда батараб?**

- Рес щиб? Муниципалиял хІалтІухъабазде цІакь тІадегІанал тІалабал руго гьанже. Гьединлъидал кидаго цІалулел, жидедаго тІад хІалтІулел, лъай борхизабулел рукІине кколел руго. Бищун гьитІинаб росдал бегавуласдаги лъазе ккола юриспруденцияги, политикаги, налогазул гІелмуги. Лъимал куцалеб идараялда хІалтІулаго педагогикияб лъайги къваригІана…

**- Муслимат, мун депутатлъун кинха яхъарай?**

- Гьенибги ХІасан ХІамзатовичас абуна дурго росулъан районалъул собраниялъул депутатлъун кандидатура лъейилан. Гьенибги щибго квал-квал ккечІо.

**- Гьел депутатазул генал ругилан ккола нужер…**

- Дир имгІал ТІагьир Къурбанович Муслимов вукІана райком партиялъул тІоцевесев секретарь ва РСФСРалъул Верховный Советалъул депутат. Эмен – МуртазагІали ГІалиевич Жарулаев – колхозалъул бригадир, Дагъистаналъул мустахІикъав боцІухъан, СССРалъул Верховный Советалъул депутат. КІудияв вац Къурбан – колхозалъул председатель, цогидав вац АхІмадги росдал бегавул вукІана, гьанже школалъул директор вуго. Амма дихъе щварал генал ратизе руго эбелалъул, рокъосан гьелъ гьел киназего гьабулаан нухмалъи, – йилан елъана Муслимат.

- Верховный Советалъул депутат хІисабалда, дир эмен Расул ХІамзатовгун щуго соналъ хьвадана Москваялде нахъе. Гьел лъикІал гьудулзабилъунги рукІана.

Цо нухалъ Расулица абун буго инсуда:

- МуртазагІали, нилъ гьабгощинаб заманаялъ цадахъ руго. Амма дуца цогІаги нухалъ дидасан кумек гьаричІо. Дур лъимал цІализегойищ лъугьунарел, унта-щокълъарав чигойищ гІагарал - гІунтІаразул рукІунарел?...

- Дур сахлъи бугони гІола дие, – йилан жаваб кьун буго инсуца. Гьелдаса хадуб Расулица инсуе кьун букІана Волга машина. Щай кьураб жояли лъаларила жиндие Расулица гьебилан, эмен гьелда рекІун росулъе вачІинчІо. Амма эбелалда лъана гьелда гьабизе кколеб… Бича-хисун тІубазабуна.

Цоги, инсуе МахІачхъалаялда кьолеб букІана 5 рукъалъул квартира. Жирдир росулъ мина бугила, гьеб жиндие щибизейилан, гьебги босичІо гьес. Гьединав, бугелда гІей гьабулев, рекІелъ хъантІи гьечІев чи вукІана эмен. Гьанже нижее рес буго гьедин бицине ва гьесдаса чІухІизе.

**- ГІадамазда лъалеб букІун буго мун иш бажарулей гІадан йикІин.**

- Школалда цІалулел мехалъ дунги вацалги активистал рукІана, киналго къецазулъ, олимпиадабазда, конкурсазда тІоцересел бакІалги кколаан нижеца.

Гьелъ батизеги бегьула, МухІамад Мухтаровичас (М. М. Садулаев, Дагъистаналъул Халкъияб Собранияльул депутат, Дербенталъул чІагІдал заводалъул директор, меценат) лъималазул ахалъул директорлъун тІамулей йигин мунилан абидал, дица цо кІудияб гІажаиблъиго гьабичІо ва бегизабуна дидего гьеб жавабчилъи. Байбихьуда гьениб щибго букІинчІо, расанкІабицин рукІинчІо. Гьеб мехалъ дун йилъана МухІамад Мухтаровичасде аскІое ва дир хІалтІуе лъундул, булдул, кьохорхо, квартІа-гъецІ, черолел ва рукъарулел машинаби, І5 пылесос, халичаби, мебель, горда разе гьинал ва гьеб гуреб цогидаб къваригІун бугин абуна. Гьес гьебсагІат жиндирго замгун дун йитІана къваригІанщинаб босизе ва кІиго къоялдасан кинабго щвана ясли-ахалде.

Дуда дора азбаралъур рихьун рукІарал каруселалгун гьерчарабиги гьесулго сайгъатал руго лъималазе. ЧІарада районалъе цІакъ битІккун буго гьединав депутат нижер вукІин. Гьес кинабго чІезабун ругьунлъун, гьедин букІине кколеб гІадин къабул гьабулебги буго гІемерисез. Цониги байрам яги тадбир букІунаро районалда гьес гІарцудалъун кумек гьабичІеб. Сайгъатал, мискиназе гІарцулаб кумек, мажгитазе къваригІараб, нухал, кьоял къачІазе гІарац… МухІамад Мухтарович ЧІарада районалъул бищун ракІунтарав болельщиклъун рикІкІине бегьула.

**- Бюджеталдаса букІунарищ сундуего кумек?**

- Доб соналъ районалъул бюджеталдаса 850 азарго гъурущги кьезабун, дун ун йикІана лъималазе расанкІаби росизе. Щибаб къоялъ гІажаибаб рохел букІана рекІее, лъималазул ах берцинлъулеб ва бечелъулеб букІиналдаса. РакІалда буго І40 ясикІоги йосун ячІунаго рекІее букІараб асар!

**- Нухмалъулев вукІине ккола жинда хадуб халкъ билъълъунев цевехъанлъун. МухІамад Мухтаровичасги гІадада кьун гьечІо дур кандидатура гьений тезе. Гьесда бихьун буго мун цебе масъалаги лъун, планалда рекъон хІалтІи бачине бажарулей гІадан йикІин.**

- РакІалде ккола, хадур гІадамал рилълъине ккани, нухмалъулев живго вукІине ккола бищун цеве, гурун гъуждулгун, хІалтІилев.

**- ХІалтІизе бокьуларел чагІи ругищ дуда аскІор?**

- Байбихьудаго лъазабуна, я хІалтІизе ккола, яги нахъе ине кколайилан. Гьанже гьединал гьечІо.

**- Росдал бегавулилан абидал цеве чІола газа белгун бокьараб магІардеги вахун хІалтІи гьабун бажарулев бихьинчи, берцинай чІудугІадан гурей. Цин лъим букІунаро росулъ, цин кьищни-къул букІуна бакІаризе ккун, цинги росдал жамагІат бахъинабизе ккола субботникалде.**

- Дунха гьев бихьинчи! – йилан елъана Муслимат. Лъелги кьищнидулги суалал тІуразе тарал хасал чагІи руго. Субботникалин абуни – цее дун, дида хадур киналго.



**- ХIасил бихьанагIан бокьулеб, бокьанагIан цебетIолеб хIалтIи букIунеб батула бегавуласул. РакI бухIанищ цогIаги нухалъ, гьеб жавабчилъи тIаде босиялдаса?**

- БухIичIо. Дие дирго хIалтIи цIакъ бокьула. Росулъан унаго – гьаб нухги дица къачIана, гьаб кьоги дир заманаялъ бана, гьаб къватIги дир хIаракатилан, гьабун бажарараб хIалтIул рохел букIуна рекIелъ.

**- Муслимат, ЦIуриб росдал бищун кIудияб проблема щиб?**

- Ракьал гьечIолъи. ГIолохъабазе рукъзал разе кьезе ракь гьечIо росдал.

**- ВахI. Эб кибе араб?**

- Гьеб росу бараб бакIго буго гьединаб. Дораса аниса рачIунги ранаха рукъазал райцентралда. Цебе гIор, нахъа кьуру. Гьанже тIокIаб бакI гьечIо. Гьале дир васазулги инсул росулъ Гьилиб гурони рукъзал разе рес гьечIо.

**- Росулъ чIужугIаданалъул кIвар?**

- Гьеб кIвар цIакъ кIудияб букIана кидаго, гьанже дагьабги цIакъ. ЧIужугIаданалдасан гурищ кинабго байбихьулеб. ЧIужугIаданалда рельлъараб букIуна жамагIатги. Кинабго хъизаналдасан буго. Лъималазе тарбия кьезе заман къваригIунаро. Лъималазда бихьула эбел-инсуца, мадугьалзабаз, мугIалимзабаз, гIагарлъиялъ гьабулеб, гьедин гьезги гьабула.

Цо нухалъ, I классалде унев васги вачун, дун уней йикIана гьитIинай яс лъималазул ахикье щвезайизе ва гIодобе рехун батана гIарац. Цо гъурущ гIарац букIинчIо нижер гьеб мехалъ. ДорегIан чIарал чагIазда гъорлъ нижеда ватана гIарац бортарав чи. ЦерегIан къояз, гьанже гIолохъанчи гIурав дир васасда ракIалде щвана гьеб лъугьа-бахъин ва жинда кидаго кIочене гьечIилан абуна. Нилъер лъимал нилъеда рельлъарал рукIуна – гьеб буго тарбия. Няняби кквей, воспитателазухъе кьей, психологазухъе рачин гуро, гьанже заманалъул модаялда рекъон.

**- Валлагь, гIажаибаб заман бачIун буго. Берда бихьун бищунго къиматаб щинаб тIагIунеб буго, гьабизе кIолеб жоги гьечIо. Цоги кинаб пикруялъ дуе рахIат толарого бугеб?**

- Дие рахIат толарого буго хIалтIизего хIалтIуларел чагIазе щибаб моцIрое кьолел гIарцаз. Росабалъгицин гIадамал хIалтIичIого рукIине ругьунлъун руго, я гIака хьихьуларо, я хурире рахъунаро. Лъималазе бачIараб гIарацги кун, парахат руго. Цебе щибаб рогьалилъ ЦIуриса кIудияб рехьед боцIул унаан мегIер-гIалахалде кваназе. Гьанже унаро. Къоялъ гIебеде регун ругезе пачалихъалъ гIарац кьолеб буго, гьелъ гIадамалги хвезарулел руго. ХIалтIулезе щолеб гьечIо гьеб гIарац, гьезул доход бугилан. Гьелъ нилъ лъикIалде рачине гьечIо.

**- Гьел хIалтIуларел кванazaриялъул магIна щибдай? Планал киналха ругел?**

- ГIадамазе хIухьбахъиялъе берцинал бакIал гьаризе бокьун буго, гIолохъаби росулъ чIезе. Гьезие рухIияб тарбия кьеялъул хIалтIи цIикIкIинабизе ккун буго. Планал гIемерал руго…

**- ЧанцIулго бихьана: цо кинаб букIаниги тадбиралде щола пуланаб росулъе. ЧIобогояб залги, дица абунаха жамагIаталдайилан, щибго гьабун бажаруларого, кверал гIодоре риччан бегавулги... Нужер росулъ гьедин букIине рес бугищ?**

- Щакаб иш буго. Нижер цIакъ жигараб жамагIат буго. Рохуца холаго рахъуна субботниказдеги, гвай бан хIалтIудеги, дагьабги жигаралда сухIмат - кечI бугеб бакIалдеги. Дуда лъала гурищ чIарадисезул кочIоде бугеб рокьиги махщелги.

**- Гьеб лъида лъалареб? ХIалчIахъадал! КечI ахIулареб къо бачIунгеги чIарадисезде. Дур хIалтIул къимат гьабулищ гIадамаз?**

- Баркалайин абулел чагIи гIемер рукIуна. Хасго йоххула гIолохъабаз къимат кьураб мехалъ ва щиб кумек къваригIун бугебилан аскIоре рачIиндал.

**- Дие бокьун буго свак лъалареб ракIалъухъ ва кIвахI лъалареб черхалъухъ дуе баркала кьезе. ЧIужугIадан – росдал бегавул, гIезегIан къанагIатаб лъугьа-бахъин буго, хасго магIарухъ. Сахлъиги, къуватги, сабруги, гIумрудул нухазда киданиги сунареб чирахъги, чадил махIги, лъималазул рельъиги гьоркьоса къотIуларел росабиги, гьабулелъулъ кидагосеб икъбалги кьеги, Муслимат, дуе!**

**Баху МУХIИДИНОВА**





# Рокьи тIадалаб жо...

***Дагьалъ цебе жамгIиял гьундузда бицунеб букIана, цо-цо гIолохъабаз, лъай – хъвай гьабизе щварал ясалги божизарун, гьезул толохIочорал яги черх рагьарал суратал рахъулел ругилан. Хадуб абуни гьел, суратал къватIир рихьизарилилан хIинкъабиги кьун, жидеего къваригIараб жо тIалаб гьабизе лъугьунила. Чанги ккун руго гьединаб ахIвал – хIалалда хIулизе щваралги, рукIун руго рогьоялдаса хIинкъун, жидеца жалго хвезаруралги, цогидалги мисалал.***

***БитIараб бицани, дида гьединал ясал ричIчIулароан ва цIодоралин толароан. Цо нухалъ редакциялде ахIун бачIана дида лъалей гIаданалъ ва, жиндирго ясалъул хабаралъ, дандчIвазе бокьун бугилан абуна.***

Дида гьелъул яс дагьайго лъалей йикIана. Гьей къваригIел гьечIеб хьвада – чIвадиги лъаларей, рокъойго гIурай яс йикIана. Ниж цIараб заманалда дандчIвана. Дида Миясат йихьун лъазеги йикIун ятиларо, тIуянго хисун, херлъун йигоан. Бихьулеб букIана цо къварилъиялъ гьелда къвал жемун бугеблъи.

Саламатаб мехалъ дихъ ялагьун, гIенеккун чIана гьей ва:

- ГIайиб гьабуге, дирго къварилъиялъул бицине ахIанилан, дир чара бухIун буго. Дагьалъ цее росасе кьурай яс рокъое ячIана ва дун хIинкъун йиго…

Дунги йиххун ккана. РазилъичIогодай яс кьун йикIарай. Наркомандай дурц ватарав ва хIинкъидай ясалъе букIараб… Амма хIакъикъат батана батIияб.

- Гьезул лъай - хъвай ккун буго интернеталдасан. Гьев ватун вуго нижерго росулъа, инсулгун рикIкIадасеб гIагарлъиги бугев, гIолилав ва

гьес байбихьун буго бачIинахъего Шарипатие гьуинаб мацI бицине. Божизаюн йиго гьей жинда гьитIингоялдаса лъалейги йикIанин ва абизе чи витIизе хIадуравги вугилан.

Дида хабар лъалелде ясалъул унго-унгояб рокьи ккун букIана гIолиласухъ ва щибго бицунеб жо гIадахъ босулеб хIалги букIинчIо. Дие бокьун букIинчIо цохIо йигей яс лъазего лъаларев чиясе кьезе. Гьебго заманалда ракIалде ккана, гIагарлъи бугеб бакIалде ригьнаде ани, инсулгун гьелъул гьоркьоблъигIаги лъикIлъизе бегьилилан. Гьев гьелда вихьичIого ва рагIичIого гIемераб заман ун букIана.

Гьеб заманалда ахIун бачIана дир йикIарай якьадалъ, дов васасул – СалихIил – эбелалъ изну гьикъулеб бугила яс гьарун рачIинеян. «Гьаб жо къисмат буго» абураб пикру дилъги бижана гьеб хабар рагIидал. Абизе рачIине гьелги кватIичIо. Гьенибго дие къабуллъун букIинчIо живго СалихI цадахъ гьечIого дол рачIин. Амма гьесул эбелалъ божизаюна гьев гьанжего – гьанже «органазул» цIияб хIалтIуде лъугьун вугила ва санагIалъи ккечIилан. Гьезие бокьана гьенибго бертадул къо цIазеги. СалихI халатаб заманалъ командировкаялъ витIулев вугила ва гьенив лъадигун ине бокьун бугила гьесиеян бицана.

«Вай гьедигIанго гIедегIун кинха букIунеб, къайи-къоно босизе кколарищ, бертадуе зал ккваезе кколарищ» - абун лъугьана дун. Долъ мукIур гьаюна, бертинги цадахъ гьабизе бегьулила, чемодан гьабизе ва сайгъатазе гIарацги кьелила, гIагарлъиги бугелъул, кIиялго рекъон, санагIаталъухъ балагьун гьабилила ригьин.

Абухъего, шайтIанги гьоркьобе рехун, гукканa гьей гIаданалъ дун. Ясалъул бугеб разилъи бихьиялъ, тамахлъана ракI, разилъана гьезухъги гIенеккун, хIалакун ригьнал иш тIубазе тIаделъана. Дун гIемераб жоялъе рекIедаго ятизе толей йикIинчIо гьез.

Гьедин Шарипат кьуна СалихIие. Байбихьуда чанго къоялъ гьел кIодол бакIалда рукIана. Хадув СалихI вилана, кватIичIого вачIинила лъадуда хадувилан рагIиги кьун. Миясат гьесда хадуй гIода – чIвадун лъугьана, гьей гIодое йиччазайизе кIоларого дунги хутIана.

- Ине теха, ккараб щиб бугеб? ХIалтIизелъидал дов арав… Ялъуни гьесул гьениб цоги хъизангIаги гурищ бугеб? – абун циндаго щаклъана дун.

- ГьечIо хъизанги, хIалтIиги гьечIо, - абун жеги квешго гIодана Миясат.

- БукIине те гьанже гьедин! Дур яс сах – саламатго йигогури!

- Вай, гьай гIабдалалъ цо кIудияб гъалатI гьабун батана. Гьанже дун хIинкъун йиго, я гьелъ жийго хвезайилин, яги гIагарлъиялъ гьей чIвалин…

- Сундуе гIоло?

- Лъаларо кин дуда бицинебалиги, - абун лъалхъана Миясат. – Гьелъ жиндирго суратал ритIун руго досухъе.

- Гьа, ритIаниги щиб гьел, гьей гьесул лъадилъидал, чIалгIун вукIиналъ, гьес гьарун батилаха!

- Амма… - ян цIидасанги гIодизе лъугьана гьей, - гьелъ гьесухъе тIад ретIелги гьечIого бахъараб сурат битIун буго… Гьес абуни…

- ЧIчIая, гьес сурат ретIелги гьечIого битIейиланищ абураб? Гьев унтаравищ? Гьейги? – абун борчIана дихъа.

- Гьелъул досухъ гIадалаб рокьи ккун буго. Гьев абуни гьединаб сурат битIун бачIиндал, тIуванго хисун вуго, Гьес байбихьана гьелъухъе чорокал жал хъвазе, хIакъир гьайизе. Абулеб букIана гьей саяхъай ва гIалду хварай яс ятанила, жинца гьелъул суратал интернеталда лъезе ругила, киназдаго рихьизе, киназдаго щий гьей кколеяли лъазе...

- Гьей гьесул лъадилъидалха! Хабар лъазабизе ккела гIагарлъиялда ва дур вукIарав росасда! Гьез абизе те гьесда рагIи!

- Яс лъугьана гьединал жал гьаризе ратиларила жиндир росасилан. Дурц абуни чIчIана, жинца Шарипат суризайизе бокьун батичIони, 80 000 гъурущ кьейила жиндиеян… Киса гьеб гIарац балагьилеб? Ясалъ гьадинги ричана гьесул эбел – инсуца рачIарал киналго меседил жалги, гьесие битIана гIарацги. Гьелдаса анкь иналде гьес ахIун бачIана 150 000 гъурущ балагьеян. Гьеб балагьизе кIоларилан абидал, дов цIидасаги жувана хIинкъаби кьезе. Гьеб мехалда Шарипат лъугьана жий цIунейилан якьадалда гьардезе. Гьей абуни хичана ва дагьаб хутIана кьабизеги. Жиндирго нусалде хъахIба – гважийилан ахIдана, рокъоса гIарац – месед бикъун батанилан, бугьтанал лъуна.

Гьеб кинабго дие бицана ясалъ. Гьеб мехалъ дица дурцасухъе ахIана бугеб гIилла лъазабеян. Щай гьес дир яс ячун йикIарай, щай гуккарай, щиб мурадалда толохIочго суратал ритIизе тIамурай, хадуб, хIинкъаби кьун, гIарац тIалаб гьабизе лъугьарав... Гьес жаваб кьечIо, диеги хIинкъаби кьезе жувана.

Ана дун гьесул эбелалъухъеги. Гьелъги щибго баян кьечIо ва квешаб гурони калам гьабичIо. Амма гьелъул кIалдиса борчIана, жинца дур ясалда цебего ракь тезабизе букIанила, васас гьарун, жинца Москваялда къарзал рецIун рахъинегIан теян, чIчIун йигила жий.

- Гьеб мехалда абуни… Гьеб мехалда васас жинцаго къотIила хIукму. Я инсуда абила дурго саяхъай яс чIван рехейилан, яги цоги къагIида батила…- ян абуна якьадалъ.

- Дуца бицунеб жо щиб? Нужеда лъала гури гьей яцIцIадай яс йикIин. Берзукьа киениги кьуричIей яс йикIана дир, - абун ахIдана дунги.

- Батани дуца чIчIезабеха гьей цIодорай йикIин. Суратал рихьуларогойищ дуда ругел. Гьеле гьеб буго нижее хIужжа. Нахъе ячахъичIогоги тана, тухумалъул цIар хвезабизе бокьичIого, – абун хIакъирго кIалъазе жуяна диде.

- Полициялда лъазабизе кколеб букIанаха, - ян борчIана дихъа гьениб.

- Лъазабуна гьенибеги, амма дир хIужжа кинабгIаги гьечIелъулха. Гьез абуна дун дозда бугьтанал лъолей ятизеги бегьилила ва гьелъухъ дун тамихIалде цIазеги рес бугила. Жидер цоясухъе доб сурат ватцапалде рехххейила. Гьедин дун нахъе йилъана гьенисаги.

Дун гIажаиблъун хутIана. ГIакълуялъ къабул гьабулеб букIинчIо эбелги васги рекъон гьабулеб бугеб хIалихьалъи. Миясатица бицаралда дир дагьабгIаги щаклъиги ккечIо, амма щиб гьелда абилебалиги лъалеб букIинчIо. ХутIараб жо букIана адвокат валагьизе лъикIаблъун бихьизаби. Гьеб хабар ккедал, нижеда ракIалде щвана кIияздаго лъалей цо гIадан адвокатураялда хIалтIулей йикIин. МагIил бералги цIун, гьелъул кумек щвеялда божигун, Миясат рази – ракиго ана рокъое.

Гьелдаса хадуб саламатаб заманалъ хабар къотIунги йикIун, цо къоялъ гьей ясги ячун дихъе ячIана. Гьурмада загьираб разилъигун бицана (вукIарав) дурц уголовияб жавабчилъиялде цIанила, хIинкъабиги кьун гIарац бахъулев вукIаниланги чIчIезабун.

Адвокаталъ гьезда малъун буго, СалихIица Шарипатихъе ахIун хIинкъаби кьолеб хабар телефоналда хъвазе ва гьесие жаваб ватцапалдаса хъван битIизе. Ахиралда якьадалъги бачIун буго гьелъухъе хIинкъаби кьун ахIун, абун буго жидеца сурат гIагарлъиялда бихьизабизе бугин. Адвокаталъе гьеб кинабго гIун буго гIайиб гIунтIизабиялъе ва такъсирги чIчIезабун, судалде кьун руго. Судалъги бихьизабун буго гьел моралияб ва материалияб зарал бецIизе тIамизе. ГIагарлъиялда рагIидал, гьезги Миясатил ва ясалъул рахъ ккун буго.

***Кинаб къагIидалъ букIаниги, нуж къватIир чIвазаризе яги суризаризе ругиланги абун, щиб букIаниги тIалаб гьаби - гьеб ккола хIинкъаби кьейлъун. Мисалалъе, гьадигIанасеб гIарац кье, гурони нужер суратал тIиритIизаризе, нужер рахъалъ квешал хабарал рагIизарун, цIар хвезабизе бугилан абулеб бугони, хехго полициялда лъазабизе лъикIаб букIуна.***

**Ажа ГIАБДУРАХIМАНОВА**



# НИЛЪ ЗАМАНАЛЪ РИЩАНА...

Вижараб ракьалде бугеб рокьи, хвалилаб хIинкъиялдасаги къуватаб, гIагарлъиялъул, хъизаналъул ургъелалдасаги асар цIикIкIараблъун букIунилан рикIкIунеб буго Заур ШихгIалиевас. Гьес абуна «рагъде ине» хIукмуги жиндир циндаго, цо параялъ кканила, гьелъие квал - квалги кинабгIаги букIинчIила.

## АНА СОЛДАТ РАГЪДЕ…

- ЗахIмалъун букIанищ гьеб гIагарлъиялда лъазабизе? – абун гьикъидал, гьес абуна, – эбел-инсуда гьеб хIукму кканилан абизе жиндихъа бажаричIила.

- Ана эбелалъул магIу бихьиларедухъ, - ян абуна Заурица. – ГIемерав ургъичIого ана рагъулаб комиссариаталде ва гIарза хъвана, диего бокьун унев вугин рагъда гIахьаллъизе абун. Гьедин ккана Чачаналде, гьениб «спецназалъул университеталда» хIадурлъиги щун лъугьана Кадыровасул полкалде. Дие бокьулаан кьвагьдезе, хIалбихьи букIана речIухъанлъиялъул ва байбихьудасаго гьира спецназалде ккезе букIана.

Гьедин ккезеги ккана. Заур рехана бищунго рагъул кор боркьараб бакIалде.

- Рагъ буго хвалилгун гьабулеб хIай, гьениб букIине ккола хехаб реакция. Гурони хвел цебе ккола ва гIумру хвасар гьабизе кIоларо… Гьесдаги гIемераб жо бихьана спецоперациялда, гIемераб хIехьана, гIемералде ругьунлъана. Гьениб ругьунлъун ккола ракеталъул гьаркьидеги, артилериялъул кьвагьиялдеги, берда цеве тушман вихьиялдеги…

Мариуполалда Азовсталь бахъи букIана спецоперациялъул бищунго захIматал гьужумаздаса цояб. Заводалъул территория батана нацистазул щулалъилъун, - абун бицана гьес. – Гьенир рукIаразул гьаги батана ахирисев чи чIвазегIан рагъизе. КигIан щулаго РФялъул ва ЛДНРалъул аскараз сверун ккуниги, кверде рачIине къасд гьез гьабулеб букIинчIо. Ахиралда, Зеленскияс тIокIаб тIаде жидее битIулеб кумек гьечIеблъиги бихьун, мукIурлъизе ккана подвалазда рахчарал идеологал, кверал рорхун, къватIире рачIине. Гьезулгун гара - чIварияв гьарулел рукIана анлъго батIияб мацIалда. ГIемерисел гьел Европаялъул улкабаздаса гIадамал рукIиндалха.

Гьеб завод бахъулаго гIемерал ракълилал гIадамазеги ккана кIудияб къварилъи ва камиял, - абун бицана дагъистаналдаса рагъухъанас. – Ракьуда гъоркь рахчаразе гьекъезе лъимгIаги чIчIезабулаан, тIад рукIаразе гьебги щолеб букIинчIелъул…

## «АЗОВСТАЛЬ»…

- Гьединго снайпераз кьвагьулеб букIана руччабаздеги, хераздеги, лъималаздегицин. КъватIахъ рукIана гIемерал жаназаби. Россиялъул солдатазул берзукь хвана, лъим гьекъезе яхъарай щуго сон барай яс. Гьеб букIана ракълилаб халкъ гъуризе гьабулеб дандечIей, - ян бицана гьес, - ва гьеб мехалда бижана дир унго-унгояб рокьукълъи нацистаздехун.

Гьесда ракIалде щвана доб заманалда жинца гIажаиблъи гьабулеб букIараб цоги жо. «Азовсталь» комбинат рикIкIунеб батана шагьаралда жаниб бугеб шагьарлъун. Гьеб «Азовсталалда» жаниб батана цоги, ракьуда гъоркь гьабураб шагьарги. Гьенир рукIана унго-унгоял къватIалги, нухал рикьиялги, рахъ – рахъалде унел нухалги. Щибаб гьединаб къватIалъги нухалъги рачунел рукIана хасаб щулалъиялде (убежище) ва щибалъул букIана жиндирго мурад. Гьениб жаниб бицатаб махх гьабулеб цехалъул халалъи букIанила кIиго километр халалъи ва чанго нусго метр гIеблъи. Минаби рукIанила жанир подъездалги, болъабиги, лифталги, цогидалги ругел, амма ракьалда жанире кколел. Гьединалго рагъуе гьарурал щулалъабиги рукIанила, жанисан кьвагьдезе бегьулел.

Рагъухъанас бицана кинаб ахIвал-хIалалда жив гьенив вагъизе ккаравалиги. Дица гьесда гьикъана, хIинкъулев вукIинчIищилан?

- Байбихьуда букIана хIинкъиги. Амма гьениб нацбатальоналъ гьабулеб жоги бихьун, щиналъ къинабуна хIинкъи. ВСУялъулаз жидераздагогицин гурхIел гьабулеб гьечIоан. Гьеб мехалда дида бичIчIана щал чагIи гьел кколелали…

Украиналъул гIадамал нилъее тушбабилъун рукIине бегьуларо, - ян абуна Заурица. –Нилъ гьенир рагъулел руго НАТОгун, СШАгун. Гьезие къваригIун буго, Украинаги гьоркьоб ккун, Россия мутIигI гьабизе. Жалго украинал нилъер вацал руго…

Гьес ракIалде щвезабуна КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда украиналги нилъгун фашизмалде данде рагъулел рукIараблъи. Гьанже абуни Украина, нацистазул ихтияралдеги ккун, нилъгун багъизе тIамулеб буго. Гьединго гьес бицана западалъул пачалихъаз Украина нилъеда данде рагъ гьабизе хIадурулеб букIин бихьизе кватIанила нилъ. Гьединги Россиялъ, цебе советияб республика букIараб ракьалъул, кього процент нацизмалдаса эркен гьабун бугила ва гьенир киналго конституциялъул ва граждаказул ихтияралги хIалтIулел ругила.

- Нужеда лъан букIа рагъухъанги гIадатияв чи кколевлъи ва гьесда ричIчIун рукIине кколеблъи хасаб рагъулаб операциялъул цере лъурал масъалаби. Гьеб буго кIвар цIикIкIараб суал.

Дица гьесда гьикъана кида ва лъида тIоцебе лъараб мун рагъде ун вукIинилан. Гьев гьимана ва абуна:

- Питералъул телеканалъ бахъараб рагъулаб фрагментги федералиял каналаздасан бихьун ва ютубалда батун лъана эбел – инсуда дун рагъда вукIин. Гьеб мехалда гьезул букIараб хIал ва тIураб магIу цебе чIезабизе кIола. Гьезулгун бухьен гьабизеги бигьаго щолеб букIинчIо.

## 2,5 АЗАРГО ЧИ ВУКIАНА НИЖЕР…

Заурица бицана бихьарабги хIехьарабги кинабго бицине данде кколарила, жив россиялъул солдат хIисабалда Украиналъул сайталда вугила. ДунгIадин гьенир рагъарал гIемер азарго руго. Дагъистаналдаса рагъухъанас абулеб буго, Хасаб

рагъулаб операциялъул хIакъалъулъ хабар гьенир гIахьаллъичIеца бицине бегьуларила. Гьелъие лъазе кколила доба бугеб ахIвал – хIал.

- Диде ахIулеб букIана «Талиб» абун, - илан бицана Заурица. - Гьеб «тIокIцIар» щивасул букIуна ва гьеб цIаралда хадуб букIуна рагъулаб гьес тIубазабулеб, ай гьесда тIадаб ишги.

Заурил буго 3I сон. ГIемераб жо бихьун буго гьесда гьал сназда жаниб. Гьединлъидал гьесул пикру магIнаяб ва рагIи гIужилаб буго. Лъалеб буго жиндирго къимат ва ахIвал – хIалалда рекъон хIукму гьабизе. Гьес абуна,рагъухъабазул вацлъи цIакъго щулияб букIунила. Гьединаб цолъиялда лъалила жалго цIунизеги, хIалае ратизеги, хIажалъидал цадахъ рахъинеги. Хасаб рагъулаб операциялдаги гьес абулеб буго бихьинчилъи куцаялъул школаян.

- Тушманасда тIаса лъугьин бигьаяб иш гуро, гьелъие кутакаб къуват ва таваккал хIажалъула. Дида гьединаб бахIарчилъиги гIемераб бихьана. Рагъда бищунго хIинкъи бугел гIадамал ккола снайперал. Украинаялъул рахъалда гьел гIемерисел руччаби руго, рахIмуги гьечIел гурхIелги лъаларел гIолохъанал ясал. Наркотикалги бидулъе риччан, гьел жалго согIал бидулаллъун лъугьуна ва гIужда кьвагьдола, рагъулаб мурадалъул бакIаздего гIадин, гIайибго гьечIел гIадамаздеги.

Рокъов вугониги Заурида лъикI лъалеб буго Украиналда кколебщинаб жо. ГIемераб заманаялъ ругьунлъуларого вукIанила жив «ракълилаб сихIкъотIиялде». Кидаго хал кколила фронталда бугеб ахIвал-хIалалда ва гьенир лъугьунел ругел хиса-басиязда хадуб.

Заурида ракIалде щвана гьитIинаб мехалда гьесие компьютералъул контр – страйк хIай бокьулеб букIараблъи. Гьенир рукIунаанила «террористазулгун рагъал» хIаял, амма жинда ракIалдего кколароанила гьединал «хIаял» хIакъикъаталдаги рихьизе ратилин. Амма хасаб операция байбихьидал бичIчIанила, гьениве ин жиндир борч букIин.

Хив районалъул Кандык росулъа Заур Шихалиев рикIкIине бегьула гьеб ракьалъул ва жиндир гIелалъул мустахIикъав вакиллъун. Гьанже гьев ккола ДГТУялъул студент, цIалулев вуго бакIал раялъулгун – архитектурияб факультеталда. Гьесул буго лъикIаб хъизан, гIолев вуго вас МухIамадгIали. Заурица абуна, жив божарав вугила васги ВатIан хирияв ва гьеб цIунизе хIадуравлъун гIезавизе кIвезе букIиналда.

### ГЬАДИН АБУНА ГЬЕС:

- Крымалъул ихдалилал лъугьа - бахъинал ккана Донецкалда ва Луганскалда гIумру гьабулезеги бахIарчилъиялъул мисаллъун. Гьел кинго рекъечIо Киевалда лъугьараб пачалихьалъулаб хиса – свериялда тIад, къабуллъичIо гьезие улкаялъул тIалъиялде западалъул рахъ ккурал миллатчагIазул къокъа бачIин ва жалго Россиялде гьоркьоре рачIана. Амма гьеб батана Донбассалъе захIматаб нухлъун.

### ЦАДАХЪ РУГОНИ НИЛЪЕХЪА ГIЕМЕРАБ ЖО БАЖАРИЛА...

Заурил гьединаб щулияб божиялъе лъикIаб къимат кьезе бегьила. Гьев гIемер дандчIвалев вуго гIолеб гIелгун, бицунеб буго гьезие жиндирго беразда бихьараб ва гIундузда рагIараб, жиндирго хъизан – лъималазул ва эбел – инсул хIакъалъулъ. Гьесул эбел – Даният Дчанкаевна ва эмен – Ярали Шихалиевич хIалтIулел руго каспийскаялъул музыкалияб школалда.

– Дун вуссиндал, дида эбел ятана азбаралда. ЧIаго гьелда цеве чIун вас вукIиналда божизе кIоларого йикIана гьей лъикI заманаялъ...

Заурица абуна жидер районалдаса гIемерал ругила хасаб операциялда гьоркьор ва гIемерисел гьел жидеего бокьун аралги кколила.

***Гьес баркала кьолеб буго, рагъул рахъ ккун, солдатазе кумек гьабулезе, фронталде хьухьун щватаби ва хинаб ретIел битIулезе.***

***Заур вуго, харбилъ гурев, ишазулъ живго вихьизавулев чи. Гьединаб буго гьесул тIабигIат ва тIокIлъи.***

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**



**Исана 65 сонил юбилей кIодо гьабулеб буго Дагъистаналъул Халкъияй кочIохъан, Дагъистаналъул филармониялъул солистка, Цибац МухIамадовна ГIалишиховалъ. Юбилей ккола араб заман ракIалде щвезабулеб ва букIинеселде ругел анищазул хIисаб гьабулеб къо.**



# ДИР ТАЛИХI – МУЗЫКАЛИЯБ ХЪИЗАН

Артисткалъул букIине кколеб чергеслъи, чIурканлъи цIунизе кIварай Цибацил буго ракI аваданаб хасиятги, гIадамазулъ йосараб гIамалги, гIураб жигарги. Цибац къанагIатаб берцинлъи жиндие щварай гIадан йикIинги гIаммаздаго лъала.

Бащдаб гIасруялъ творчествоялда жаний йигониги, гIемеразе жиндир хIакъалъулъ бицарай гIаданги гуро Цибац. Амма нилъер журналалъе гьелъ инкар гьабичIо гара – чIвариялъе.

ГIумруги, гIадамалги, мурадалги, цогидабги хисулелъул, цIалдолезеги лъазе бокьила Цибацил бугеб ахвал-хIалги гьелъ гьарулел анищалги.

- Гьанже дир буго кIудияб ригьалде яхараб гIуж, рес буго аралъул хIисаб гьабизе, дагъистаналъул культураялда жаниб дица ккураб бакI бихьизе. Бегьила щвараб бачIиналъулги бицине. Гьединго гьеб буго киналъулго пикру гъваридго гьабизе рес кьолеб гIужги. ГIумруги бихьараб хIалбихьиги щвараб.

Гьелъ абуна щияй чIужугIаданалъ анищ гьабулила хъизаналъулаб талихI батизе, лъимал гIун, гьезулалги хьихьизе щвезе, гьезул рохел лъазе. Гьединго бокьулила лъикIав, тIалаб – агъаз бугеб рос вукIине ва ракIалъе бокьулеб пиша гьабизе рес ккезеги.

– Киналго ясазулго гIадин, гьитIинаб мехалда дирги букIана букIинесеб гIумруялъул цебечIчIейги гьарулаан анищалги. Гьай - гьай, гьеб кинабго букIуна эбел - инсуца рокъоб кьураб тарбиялда барабги, – ян абуна Цибацица.

– Дир лъимада рукIарал анищал тIурана, гьеб буго аслияб жо. Дие кидаго бокьун букIана артисткалъун яхъине ва талихIаб хъизанги букIине.

Гьей гьаюна ва гIуна Хайдакъ районалъул Баршамай росулъ. ГьитIингоялдаса школалъул кружокалда ва тадбиразда ахIулаан кечI, гIахьаллъулаан церерахъиназда. Гьей гIуна кIудияб ва музыкалияб хъизаналда. Гьезул букIана ичIго лъимер: лъабго вас ва анлъго яс. Киназдасаго лъикI гьезда гьоркьоб кечI ахIулеб букIана гьезул эмен МухIамадица. Аваданав ва гьунар бугев гьев кколаан бакIал ралев чи. Эбел Джумаца хъизан - рукъ тIубалаан. Жидер ясалъе артисткалъун яхъине бокьун букIин бихьидал, эбел - инсуца дандечIей гьабичIо, рес кьуна цIализе ва гьунар цеебетIезабизе.

Гьединлъидал Цибацица лъугIизабуна ДГПИялъул музыкалияб факультет ва I982 соналъ хIалтIизе лъугьана Дагъфилармониялде. Дагьаб заманалдаса гьей тана солисткалъун. Цибацида ракIалдего ккун букIинчIо гьадин бигьаго жиндир гьитIингоялдаса бижараб анищ тIубазе батилилан. Гьей гIемерай гIенеккулей йикIана Султанат Къурбановалъ, Манарша Дибировалъ ахIулел кучIдузухъ. Амма

бищунго Цибацие асар гьабулев кочIохъан вукIана, кутакаб лирикияб баритон бугев МухIамад Улахъаев.

Гьедин байбихьана Цибац ГIалишиховалъул артисткалъулаб гIумру. ГIемерал росабалъе щвана гьей концерталгун. Гьединго гьез церерахъинал гьарулаан Северияб Кавказалъул, Россиялъул ва СССРалъул батIи – батIиял регионазда. Чанги ана къватIисел улкабаздеги. Щвана ОАЭ лде, Тунисалде, Турциялде. Цибацил репертуар кибго къабулги гьабулаан. Гьелъ аслияб къагIидалда ахIула даргиязул халкъиял кучIдул ва гьединго гьанже заманалъул авторазул, цогидал миллатазул мацIаздагицин кучIдул руго репертуаралда.

I996 соналъ Цибац МухIамадовналъе щвана «Дагъистаналъул мустахIикъай артист» абураб цIар. Гьелъул руго гIемерал баркалаби, грамотаби ва 2006 соналъ кьуна «Дагъистаналъул Халкъияй артист» абураб цIарги.

Жиндир талихI, тIоцебесеб рокьи, рослъун ватизесев пишацоявги Цибацида дандечIвана музыкалияб свериялда. Гьевги ккола машгьурав бакъназул устар ва кочIохъан, Дагъистаналъул Халкъияв артист Ханаци Ханациев. Гьезие кIиязего бакъналги рукIана хириял, жалгоги ккана хирияллъун ва кватIичIого данделъун рос – лъадилъун рахъана, ригьнада кIиго лъимерги гIезабуна.

- Бакъназ гьаруна ниж гIумруялъего гIагар ва кидагIаги ратIалъуларо. Рокъорги сценалдаги рукIуна цадахъ. ГIемеразда ракIалде кколеб батила гьедин букIунарилан, амма нижер буго гьедин. Цоцаде рокьиги гIаммаб ишги бугеб мехалда гьедин кколеб батана. Ниж цадахъ гастролаздаги хьвадана концетрталги цадахъ гьаруна, бертабалъги кечI цадахъ ахIана, гьебги гьечIого тIурачIо, – абун елъана Цибац. – Киналго артистаз гьедин гьабулеб бугелъулха гIумру. Нижер хъизаналдаги кидаго букIана рекъараб ахIвал-хIал.

Расниги йиххичIого жаваб кьуна Цибацица, битIараб жаваб кьезе захIматабилан абизе бегьулеб, гьезул кIиязулго рокъовги къватIивги аслиявлъун щив кколев абураб суалалъеги.

– Баянаб жо – сценалда цеехъан дун йиго, рокъоб – къватIиб нухмалъулев ккола Ханаци.

Гьезул гьуинаб ва рахIатаб гIумру хисизабуна цо талихI къараб ишалъ. Машинадул авариялда хвана вас Тимур, нахъе хутIана гьесул лъадиги ясги. Гьеб заманаялъ Цибацица жиндиего рагIи кьун букIана I5 соналъ сцена тезе ва гьелъул гьаракь къотIана. Амма гIумру цIилъулеб буго, саламатаб заман гьоркьоб индал, гьелъул яс, машгьурай кочIохъан Ирина ГIалишиховалъ гIемераб гьарун, Цибацица жиндирго пиша цIигьабуна. Цо концерталда эбелалъги ясалъги цадахъ ахIана «ГьалмагъзабазеД абураб кечI ва гьелдаса байбихьун гьей цее яхъинеги лъугьана.

Цибац МухIамадовналъ абуна жиндир яс Ирина, эбелалъулго нухккун, сценалде яхинегIан, кочIолаб гьунар гIурай ва гIураб хIалбихьиги щварай йикIанила. Гьединго гьелъ балъго гьабичIо ясалдаса чIухIиги, гьунаралъе жиндир гIураб квербакъи щвараблъиги.

- Репертуар Иринаца кидаго жинцаго гIуцIула, сценалда гьелъ гьабулебги гIемер диралда релълъараб букIунаро, гьединлъидал машгьурлъиги гьелъие, дир кумекалдалъун гуреб, жинцаго балагьун, захIмат бихьун щвараб буго, – ян абуна Цибацица. – Гьай - гьай цо - цо гIолел - гIоларел бакIал рихьизаричIого дунги чIоларо.

Гьанже, юбилей тIаде щолеб заманалда, Цибац ГIалишиховалъ жий талихIай гIаданлъун рикIкIуней йиго. Жиндир лъабгоял лъималазул лъималги гIолел ругила бакънazул гьунар кьурал. Гьебги бугила разияб рахълъун.



- Васасул яс Аидаца лъугIизабулеб буго Правоялъулаб университет ва гьединго гьелъие бокьула вокал ва фортепиано. Иринал лъимал: Артурица лъугIизабуна школа ва программист вахъине къасдалда цIализе лъугьана Политехническияб университеталде, яс Амира жеги ясли - ахикь йиго. Гьенир гьелъ киназего рекIелгьей гьабула, утрениказда гIахьаллъула ва гьанжего гIумруялъе бищун буго эбелалъул иш. – ЙикIинила артисткалъун абун лъазабуна гьитIиналъги, – абун разиго бицана Цибац ГIалишиховалъ.

***Ахиралда дица гьелда гьикъана анищал киналин ругел абун. Гьелъги абуна, яс Иринагун цадахъ хIалтIун, жиндирго юбилеялде кIудияб концерт хIадур гьабизе бокьун бугилан.***

**Виолетта РАТЕНКОВА**





# Щалха нилъ, магIарулал?

«КIола кIудияб мина базе, гьениб жаниб рахIат ва хIалхьи босизе кIоларо.
КIола дунялалда лъикIаб бусен – къайи босизе, макьу босизе кIоларо.
ГIарцуда кIола дунялалда бугеб щинаб библиотека босизе , гIакълу кIоларо.
Бокьарай чIужугIадан йосизе, рокьи кIоларо.
Бокьараб дару босизе кIола, сахлъи кIоларо.
БокьанагIан лагъзал росизе кIола, амма гьезул дудехун адаб – кIоларо.
Бокьараб квен босизе кIола, аппетит босизе кIоларо.
Бокьарав судияв восизе кIола, ритIухълъи – кIоларо.
Бокьараб музыкалияб алат босила дуца, макъан босизе кIоларо.

***ХIасил – калам дунял кIийиде бикьизе бегьулеб буго – бичун босизе кIолелдеги, кIоларелдеги. Инсанасул кIодолъиги нилъеца борцине бегьула гьесухъ бугеб бичун босизе бегьулареб щинаб жоялъухъ балагьун, инсанасул адабги нилъеца гьедин гьабула. Бичун босизе бегьулареб щинаб жоялде гьорлъе гIарац лъугьунеб гьечIони лъиениги щибниги къварилъи букIунаро. Амма гIарац лъугьани бакъан бичун босизе, адаб бичун босизе, талихI бичун босизе, кIолареб щинаб жо гьабизе, гьелъ рачуна нилъ балагьазукье. Амма кигIан лъица щиб бицаниги нилъее гIарац бокьула. Гьеб гIарцуда аскIоб гIакълуги бугони, гьеб дагьабги цIакъ бокьула».***

*ГъазимухIамад ГЪАЛБАЦIОВ*

МагIарулазе магIарулаллъун, авар халкъалъул вакилзабилъун жалго рукIин кIвар бугеб жо бугебдай? «Дун магIарулав вуго» - йилан абураб жоялда жаниб кинаб букIаниги магIна лъолебдай магIарулаз? МагIарулав ватичIого, татарав, узбекав, маврикияв ватун вукIаравани хисизе жо букIанадай?

БукIун батуларо. ГьечIо гьабсагIат, магIарулав цойгидал миллатаздаса ватIа-вахъизе лъалеб, цебе умумул чIухIулел рукIараб, я бахIарчилъи, я рукIарахъин, я хасият-гIамал, я ретIа-къай, я мацI.

Унго-унгояв магIаруласул букIине ккола миллаталде рокьи, гьелдаса чIухIи ва миллат жиндаса чIухIиялъе хIаракат. Гьединго магIарулал, букъараб зар гIадин, цолъун, гъункун рукIине ккола. Ругищха нилъ гьедин? ГьечIо. ГьечIеблъиги нилъеда бихьула, цо кинав вукIаниги магIаруласул рахъ ккун, рищиязда гIахьаллъизе къватIире рахъине ккани. Гьенире унаго нухда чанго магIаруласда ракIалде ккола: «Щай дун досул рахъ ккун, дов цIакъав вукIиналъе нугIлъи гьабизе ине кколев? Дунго вуго гурищ дун досдасаги цIакъав», – илан. Гьеб бакIалда гьес нух хисула ва досда хадур инел рукIаразул цо бутIа, тIезабун, жиндирго рахъалде цIала… Цо гуревлъидал гьединав магIарулав вукIунев. Гьедин ракIалде ккезе бегьула чанго магIаруласда. Гьедин рикь-рикьун магIарулалги дагьлъула, дагьабго букIараб дандиязул миллатги, цолъиялъ, гIемерлъун батула, гьезул вакилги вергьуна.

МагIарулав чIухIула живго жиндасаго ва гьелъ гьесул бетIер свscore сверизабула. Гьеб буго нилъер гIамал. Гьабизе кIолеб жоги гьечIо. КIвезеги бегьилаан, цойгидазул гIакълуялъухъ гIенеккулеб гIамалниги букIарабани нилъер чорхолъ. ГьечIелъул гьебги. ГIакълу кьолел чагIиги тIубанго данде кколаро магIарулазе. Киназдасаго цIодорал чагIазда гIакълу малъиги гIантлъи букIинарищха.

Гъедигlан цlодорал, чlухlарал, жидедасаго цlакъал чагlи дунялалдаго гъечlиланги ракlалде ккун хьвадулел магlарулал, гlиссинккун кьолел гъурщазги сихlираб политикаялъги гъоркье рехана. Дагь-дагьккун, гlарацго щибжояли лъалареб букlараб магlарул халкъ, харжила, пенсияйила, инвалидностилан тlаде чваххулеб жоялде ругъунлъана. Щвана. ЩварабгIан бокьана. БокьанагIан щвана. Нагагь щвечlого хутlани, хlехьезе кlоларого лъугьана. Дагь-дагьккун гlарцухъ бичана тарих, маданият, адабият, мацl, яхl, намус, гlадат, гlамал... Миллатго бичана. Учузго. Гlарцуда аскlоб гlакълу хlалтlичlо. Хутlана цохlо щибниги гъоркь, тlад, жаниб гьечlеб гьодораб, тlадагьаб цlар. Мун щивилан гьикъани, кутакаб пахрулъиялда, «бацlцlадаб магlарул мацlалъ» «АВАРЕЦ» – илан абула. Магlарулалъ щайха кlалъаларевилан абуни, «не знаю я» – илан тlадеги жубала. Гьеле нилъ роргараб кlкlалал гъварилъи.

Берцинго жидерго рорхатал мугlрузда рукlарал магlарулал, гьанже руго кlкlалал тlиналда… Тlад къоноги чlван. Гьенир рукlаниги, расги лъугьинчlеб гlадин, дагьабги гъваридаб кlкlалахъе нух балагьулел руго, дагьабги гlемераб гlарац доба бати мурадалда. Я миллат къваригlун гьечlо, я мацl къваригlун гьечlо, я гьелда хурхараб щибго къваригlун гьечlо. Эбел-инсул цlарцин кlочене хlадурал руго, гьелъухъ щолеб жо бугони.

Кигlан кутакалилан нилъедаго кканиги, гьечlо нилъ гъедигlан кутакал. Тамахал чагlи руго. «Гьадаб гlор бахарабго къваригlунареб жо буго авар мацl, гlурус лъазабе, ингилис лъазабе, гьел мацlазе ботlрода жаниб бакl букlине, рахьдал мацlал малъуге лъималазда» - йилан абулелги руго улбузда гьоркьор, гъедин гьабулелги руго. Гlемераб жо лъазабунагlан бетlер лъикl хlалтlулеблъицин лъаларо нилъеда. Бица-бицаралда божула. Инкъилабги бахъун гlурус мугlалимзаби рачlинегlан бецlал, щибго жо лъаларел чагlи рукlанин магlарулалин абураб жоялдаги божула. Дол нилъер тlагlинарурал нус-нус гlараб гlалимзаби американал рукlун ратизеги бегьула. Жеги нахъе цlунун ругел дозул бечедал библиотекабиги жалго жидедасаго рижун ратила.

Магlарул росабалъ эбел-эмен гаргадулел руго лъималазда гlурус мацlалъ. «Щай, вац, мун лъималазда гlурус мацlалъ кlалъалев» – илан гьикъани – гlурус лъазейилаха. Гьукъаниги лъачlого хутlуларо гьанже лъималазда гlурус мацl. Гьебгlан гlемераб щибниги рагlуларо гьезул гlундузда. Гlурус мацlалъул лъеца росун унел руго нилъ. Цо-цоязул гъоркьахlатlалцин рихьулел гьечlо.

Кутакалилан нилъедагоги кколел, вахьнаби руго нилъ. Нилъ вахьнаби рукlин цойгидаздаги бихьулеб буго.

Цойги мисал: «Рахьдал мацl ва адабият» чара гьечlого школалъул Цlалул планалда рукlине кколел предметал ругилан Закон бахъана пачалихъалъ. Рохаралищха улбул? Рохичlо. Гьез рахьдал мацl лъималазда лъачlого букlине нухал ралагьана. Сентябрь тlаде щвейгун, гьел рекерана «Русский родной язык» дарсазде ритlе жидер лъималилан гlарзаби хъвазе. Кинаб «родной» букlунеб магlаруласе гlурус мацl?!

Цодагьабниги яхlалъул асар бугев чиясда кваш букlинеб хlалалъ хъванин кколаха дица гьаб макъала. Щай? Щайгурогоха, халкъалда гьоркьор рукlуна бечелъиялъги, гlарцуцаги, хьантlиялъги, рецц-бакъалъги жидеде асар гьабичlел, роцlцlараб бетlералъул ва камилаб гlакълуялъул цо-цогlаги миллаталъул вакилзаби. Гьел рукlуна ахlи балел, «Лееее, магlарулал, дунялалда букlуна бичун босулебги босуларебгиииии! Гьеб бичун босулелда хадур рекерахъдилаго, босизе щолареб тlагlине тогеееее!» – илан. «Цlуне нилъерго миллат, цlуне мацl, гьеб буго нилъер рухlияб бечелъиии» – йилан ахlделел рукlуна гьел чагlи. «Абгlаги щибизе къваригlараб жо? Гlурусалъ бицани бичlчlуларогойищ бугеб» – илан, гlинцин тlамуларо магlарулаз. Цlакъ бокьилаан пикру гьабуни, бицунелъухъ гlенеккани, лъалез малъараб гьабуни.

Гьаб дица хъвараб рагlизе кколел чагlаз я казият-журнал цlалуларо, я гlакълу щвезе бегьулел тадбиразде рачlунаро, рихьизецин чlоларо. Гlемерисел гьединал руго.

Дица гlамм гьабун гьадин бицаниги, магlарулазда гьоркьор миллаталъул багьаял гlадамал рукlин лъаларев чияс журнал цlалулеб батиларин ккола. Лъидасаго гlемераб буго авар халкъалъул миллаталдаса чlухlизе гlилла. Амма….

**Баху МУХIИДИНОВА**





# Бабал бакъ

- Ялагьея, дахIабаба, доле цIидасанги кунчIана дир бабал бакъ. Бихьулищ долъ накIкIал щущахъ риххизарураб куц! - иланги ахIун, бусадаса тирщун тIаде вахъана Мансур. Халунбабаца абулелъухъ гIинги тIамичIого, гьев лъугьана нолъ бихьараб макьу бицине.

- Дир йикIарай берцинай баба. Цо елъулей йикIарай берцингоги. Дие бокьун букIана гьелъухъе воржине. Гьелъул горбода къвалги бан, гIодизеги бокьун букIана. Цоги бокьун букIана, Халунбаба, дой нилъехъго рещтIине. Дуца абичIищха долда ракьалде ячIине кIоларилан, - ги абун, гIод-гIодун виччан тана Мансур. Каранде гьевги къан, Халунбабаги къварилъахъдизе лъугьана:

- Кинабго лъикI букIана. Ясалъе талихIги кьун, дидаса вохарав чи дунялалдаго вукIун ватиларо. Ригьин гьабун анцIго соналдасан щвараб лъимералдаса гIорцIуларого йикIарай бабал меседалъе хъван букIун бугеб къисмат бихьуларищха. Кинго божизе бокьун гьечIо рокьи ккун данделъаразул гIумруялъул гьадинаб ахир букIунин абураб жоялда. Рецц Аллагьасе, Хадижат ракIалдещвеялъе дие васгIаги вугев. Амма кинго бичIчIизе кIоларо Юсупица гьабуралъул магIна. Хадижат кьечIони, жинца гIумруялъго чIужу ячине гьечIилан гурищ гьев гьедарилев вукIарав. Кибеха араб доб рокьи… - Гьел суалазе жаваб щолеб букIинчIо Халуние.

Росуго бахилаб берцинаб хъизан гIуцIана Юсупицаги Хадижатицаги. ГIемераб къобихьана Юсупида, Хадижат жиндие ячIине мукIур гьайизе кIоларого. Гьелъие гIиллабиги рукIана - гьесул йикIана абурай яс. КIиабизе босани, йокьулароан Хадижат Юсупил эбелалъе. Гьелъ кIалгьикъун букIана Хадижатида, жиндир васасе ячIани, цониги талихIаб къо бихьизе тезе гьечIилан. БахIарай гьаюраб къоялъги, цIакъго цIакъ берцинлъун йикIана гьадингоги берцинай Хадижат. Гьелъухъ валагьун, бергIорцIулеб букIинчIо Юсупил. Щибго хIаллъазе толеб букIинчIо бахIарасул эбелалъ, амма Хадижат хIинкъулей йикIана гьелъухъ ялагьизе. Бертадул къоялъ цохIо нухалда дандеккана гьезул балагьи, бахIаралда кIалдиб гьоцIо хъвалеб талихIаб лахIзаталда.

- ГьоцIо гуро дица дуе кьолеб бугеб, загьру кьолеб буго, - ян абулеб букIана якьадалъул ццидалал бераз. Унго-унголъунги загьрулъун рукIана Хадижатие рухIгIан вокьулев Юсупил эбелалда аскIоб цо минаялъур рарал къоял. Хъизан цIунизелъун, рукъккун батIаго вахъана Юсуп - гьенибеги щвана загьруяб борхьил халатаб мацI. Росуцоязги абулеб букIана, гьадигIан цоцазе рекъарал рос-лъади ратIа гьаруни, талихI къинарищилан. ТалихI жинца гьезул къинабизе бугилан ахIи балаан Раисатица. Гьеб заманаялъухъ гIемер мехалда ялагьун чIезе ккечIо Хадижат. ТалихIкъин Юсупица жинцаго гIагар гьабуна.

Цо къоялъ мехтун рокъове вачIарав гьес Хадижатие питна гьабуна жиндие лъимал къваригIун ругилан, лъимал гьаруларей гьейги хьихьун, гIумру гIадада биччазе бокьун гьечIилан. Гьеб хабар анцIабго соналъ Раисатидасанги рагIулаан Хадижатида. Тохтурзабазухъеги чанги ана Юсуп ва Хадижат. КватIун гьаруниги, лъимал рукIине ругилан ракIбатизабулаан гIолохъанал рос-лъадул. Жийго макьилъги йихьулаан Хадижатида лъимадул кини кIибикIулей, гьелде тIадеги къулун, кинидахь кечI ахIулей.

Мехтун рокъове Юсуп вачIараб гьеб къо Хадижатил гIумруялъул бищунго талихIаб кьолъун букIана - гьеб къоялъ тохтуралъухъе арай гьелда лъана жийго лъимер гьабизе йикIин. Юсуп рокъове вачIинегIанцин чIезе кIоларого йикIана гьей. Чанго нухалда кIалъазецин кIалъана гьесухъе. Амма Юсупица телефон кодобе босулеб букIинчIо. Ва, къасиялде мехтун рокъове вачIарав, гьес гIемер инжитал рагIаби абуна, тIолабго гIагарлъиялдасаги бергьун, жиндиего йокьун ячарай лъадуда. Юсупица лъадуда рокъое айиланги лъазабуна. Гьеб къоялъ гьев кIалъалев вукIана эбелалъул кIалдисан. Хадижатица бицунелъухъги гIинтIамулеб хIал букIинчIо Юсупил. Гьелъул гьаракьцин рагIизе бокьун гьечIеб хIал букIана гьесул. Гьеб къоялъ кIудияб, данде бачIунареб кьватIел рехана Юсупилги Хадижатилги талихIалде.  Хадижат тIадюссана эбелалъухъе.

Дагьаб мехалда хIаллъазе течIониги, Юсупил жинцаго гьабуралдаса ракIбухIун букIана. Гьесухъан ккана битIизабизе кинаб бугониги нух гьечIеб гъалатI - цIарги тIамун, жинцаго рокъое нухарегIарай Хадижат тIадюссинаюн бажаруларебльи лъалеб букIана гьесда. Заманалдасан цIияб хъизан гIуцIана Юсупица - гьес лъадилъун ячана кинидаго жиндие абун йикIарай яс. БажаричIо ГIайшатихъа Юсупие Хадижат хисун. Кидаго Хадижатил пикрабалъ вукIунев Юсупил рекIелъ ГIайшатие гьитIинабгицин бакI батичIо. Кин букIаниги, ГIайшатица гьеб гизма хIехьана щуго соналъ. Биххана цоги хъизан. Багьана - ГIайшатиеги гьаричIо лъимал. Амма лъагIалидасан, жийго йокьулев Басирие индал, гьелъие щвана васги ясги.

Лъудби рачунев риччалев Юсуп вугеб заманалда, кIудияв гIун вачIунев вукIана Юсупилги Хадижатилги вас Мансур. ТIокIалъ росасеги инчIо Хадижат. КIочене кIвечIо гьелда Юсуп. Ахираб заманалда гьей ц1акъ унтана. Риччалъе ккарай Хадижатица ахIулаан Юсупил цIар. ГIемерисеб мехалда школалдеги унароан Мансур. Халунбабае кумекалъе, унтарай эбелалда хадуб хъулухъги гьабун, рокъов чIолаан гьев. Халунида бичIчIулеб букIана ясалъул сахлъи лъикI гьечIеблъи. Ва гьелъ Мансур хIадурулев вукIана эбелги гьечIого букIине бугеб гIумруялде. Халуница зама-заманалдасан гьитIинав Мансурие бицунаан «Бабал бакъ» - илан абураб маргьа.

- Дур бабаги кватIичIого бакъалде сверизе йиго. Гьей щибаб къойил ячIине йиго духъе щвезе. Ва мун кIудияв гIелалде, гьелъ дуе хIадуризе буго кIудиб талихI. Цинги мун воржина бабахъе гьеб талихIалда хадув, - илан бицунаан Халунбабаца Мансурие маргьа. Эбел захIматго унтарал къояз, вагъаричIо Мансур гьелда аскIоса. ГIодилаго нухарегIана гьес баба зобалазде жиндирго бакъухъе, кIудияб талихIалда хадуй… Баба йихьизе бокьанщинахъе, берал къанщулаан Мансурица - цинги доба борхалъудасан гьесие гьимулаан бакъалде сверарай берцинай баба. Бабахъ урхъарав Мансурие гьелъул чIораз кьолаан гIажаибаб чIаголъи. Бабал хабадеги цадахъ унаан дахIабабаги Мансурги.

Цо къоялъ гьазда рикIкIадасанго Хадижатил хабада бихьинчи вихьана. АскIоре гIагарлъанагIан, лъана гьев Юсуп вукIин. Гьев тIуркIана, васасда берчIварабго. Палгъан хутIарав инсул горбодаги хурхун, абизе рагIиги бачIунарого хутIана Мансур. Халунидаги батулеб букIинчIо Юсупида абизе рагIи. Гьел лъабазулго сихIкъотIи биххизабулеб гIадин, чIегIерал накIкIалги нахъе рачахъун, зодисан баккун бачIана бакъ.

- Дада, дада! Доле бабал бакъ. Долда рихьана дунги, мунги, дахIабабаги цадахъ, - ан ахIдезе лъугьана Мансур. Гьесухъа бажарулеб букIинчIо сабурго, гIодове виччан кIалъазе. ГьебсагIаталъго тIинкIизе лъугьарал цIадал гаразде гъоркье хьатги ккун, гьес жеги ахIулеб букIана:

- Нилъехъги ялагьун баба, йохиялъ, гIодилей йиго. Ккве нужецаги бабал магIу. Гьелъ нилъее битIун бачIунеб талихI батизе буго гьаб…

**Шамай ХЪАЗАНБИЕВА**

# РекIехъе лъазабе!

*Расул ХIамзатов*

## ЭБЕЛ

Испанияз Мадре, гIурусаз Мама,
Ингилисаз Мазе, нилъеца Эбел,
Азарго мацIалда гьеб къокъаб рагIи
РагIула ахIулеб цого бухIиялъ.

Абула унтулез, рортун унеца,
Эбелалъ рачIун жал кквелел киниги,
Абула чвахулеб гIоралъ росулез,
ТIаса лъугьайилан гьарулеб гIадин.
РорчIигун лъималаз ахIулеб буго,
ЗахIматчияс макьилъ щурулеб буго,
ЦIадулъан магIлъун беролеб буго,
МагIил гаралъ цIалъун кенчIолеб буго.

Эбел цIунейила, гIумру цIунеян
Балеб гIазу буго, щвараб их буго,
ГIемераб мех барал мугIрузул цIумаз
ЦIуне эбелилан гьарулеб буго.

## БетIерал хIарпаздасан рагIи лъай:







| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## БетIерал хIарпаздасан рагIи лъай:







| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |



# Журнал в журнале



# ЯГОДКА к ягодке

## ДРОЖЖЕВОЙ ПИРОГ С ТВОРОГОМ И ЯГОДАМИ

**НА 10 ПОРЦИЙ:**

- *300 г любых замороженных ягод*
- *50 г сливочного масла*
- *240 мл молока*
- *240 г сахара*
- *20 г свежих дрожжей*
- *щепотка соли*
- *300 г муки*
- *4 яйца*
- *500 г творога*
- *1 пакетик сухой смеси для приготовления ванильного пудинга*
- *70 г изюма*
- *2 ст. л. сахарной пудры*

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

1. Замороженные ягоды выложить в дуршлаг и дать им оттаять. Глубокий противень выстелить бумагой для выпечки.
2. Сливочное масло нарезать маленькими кубиками, растопить на слабом огне и дать остыть. В кастрюле нагреть 120 г молока, добавить 45 г сахара и перемешать.
3. Дрожжи раскрошить в большую миску. Добавить теплое молоко с сахаром, всыпать соль и перемешать.
4. Сверху просеять муку. Добавить яйцо и тщательно вымесить. Накрыть кастрюлю с тестом полотенцем и оставить в теплом месте для подъема на 1 ч.
5. Духовку нагреть до 180°C. Желтки трех яиц отделить от белков и перемешать с творогом. Добавить 100 г сахара, 120 мл молока и смесь для пудинга. Тщательно перемешать.
6. Тесто раскатать и выложить на подготовленный противень. Распределить сверху ягоды, творожную начинку и изюм. Выпекать 25 мин.
7. Белки взбить миксером с оставшимся сахаром в крепкую пену. Распределить поверх творожной начинки с изюмом ровным слоем. Выпекать еще 15 мин при 170°C. Дать немного остыть и затем посыпать сахарной пудрой.

# ЛЕКАРСТВЕННЫЕ СОКИ

О ПОЛЬЗЕ СОКОВ ИЗВЕСТНО ВСЕМ, НО НЕ МНОГИЕ ЗНАЮТ, ЧТО СОКИ, ОСОБЕННО ОВОЩНЫЕ, ЯВЛЯЮТСЯ САМЫМ НАСТОЯЩИМ ЛЕКАРСТВОМ:

- Капустный сок – отличное средство при борьбе с язвой желудка и двенадцатиперстной кишки. Капустный сок хорошо действует также и при гастритах с пониженной кислотностью, благоприятно влияя на общее состояние желудочно-кишечного тракта и печени.
- Картофельный сок полезен при гастритах с повышенной кислотностью, а также при запорах. Он также тормозит секрецию поджелудочной железы и снижает кровяное давление.
- Огуречный сок является лучшим мочегонным средством, а высокое содержание калия делает его полезным при сердечно-сосудистых заболеваниях. Он успокаивает нервную систему, предупреждает атеросклероз и улучшает память.
- Сок сельдерея повышает тонус, улучшает аппетит, дает мочегонный и слабительный эффект.
- Сок из кабачков – самый низкокалорийный, поэтому особенно рекомендуется тем, кто хочет избавиться от лишнего веса. Он также предупреждает ожирение и блокирует накопление в организме избытка холестерина.
- Морковный сок богат витамином А, он улучшает аппетит, пищеварение, зрение и структуру зубов, укрепляет нервную систему и не знает себе равных как источник энергии.
- Сок свеклы незаменим при неврозах, бессоннице, потере памяти.
- Сок репы благодаря высокому содержанию кальция полезен детям и взрослым, страдающим остеопорозом.
- Томатный сок полезен при нарушениях обмена веществ, заболеваниях сердечно-сосудистой системы, желудочно-кишечного тракта, обладает также противовоспалительным, желчегонным и мочегонным действием.





# НАСТОЯЩИЕ ЙОГУРТЫ

ЗА ГОД МЫ В СРЕДНЕМ СЪЕДАЕМ ОКОЛО 3 КИЛОГРАММОВ ЙОГУРТА. ХОЧЕТСЯ, ЧТОБЫ ОН БЫЛ И ВКУСНЫМ, И ПОЛЕЗНЫМ

Согласно Федеральному закону «Технический регламент на молоко и молочную продукцию» йогуртом может называться только кисломолочный продукт с живой микрофлорой – болгарской палочкой и термофильными стрептококками. Дополнительное обогащение ацидофильной палочкой и бифидобактериями делает йогурты еще более полезными. Количество пробиотиков не должно быть ниже установленной нормы.

### ЧТО В СТАКАНЧИКЕ?

Срок годности, указанный на баночке или стаканчике, означает, что йогурт за это время не только не испортится, но и сохранит содержащиеся в нем живые бактерии. К сожалению, с каждым днем их количество будет уменьшаться. Это естественный процесс. Поэтому покупать следует йогурты, только что сошедшие с конвейера молочного завода.

- Продукт под названием йогуртер подвергают тепловой обработке. В результате в нем почти не остается живых бактерий. Зато срок годности увеличивается до двух-трех месяцев, а иногда и до полугода.
- Технические стандарты допускают наличие консервантов в живых йогуртах. Они предотвращают «старение» фруктово-ягодных добавок.
- Среди консервантов лидируют лимонная кислота и сахар, повышающий калорийность продукта примерно на треть. Тем, кто следит за своим весом, лучше покупать кисломолочную продукцию без добавок.
- Классическому йогурту без фруктовых примесей консерванты не нужны – достаточно качественной упаковки. Обычно это высокие или низкие пластиковые стаканчики, запаянные крышечками из фольги.
- Молочные и сливочные йогурты изготавливаются по одной технологии. Различаются жирностью продукта.
- Питьевые йогурты отличаются от всех остальных более жидкой консистенцией.
- Сколько йогурта съедать в день? Диетологи рекомендуют включать в рацион 1-2 стаканчика йогурта (по 125 г). Этого достаточно для того, чтобы получить максимальную пользу.



# В РОДНЫХ СТЕНАХ

НАСТЕННЫЕ КОВРЫ ОСТАЛИСЬ В ПРОШЛОМ, СЕГОДНЯ В МОДЕ ИСКУССТВЕННЫЙ КАМЕНЬ, РАЗНОЦВЕТНЫЕ ПАННО, ЯРКИЙ ТЕКСТИЛЬ И НЕОБЫЧНЫЕ МОЛДИНГИ

Сегодня материалов для отделки стен существует великое множество. Краска, обои, плитка, панели – вот далеко не полный список возможных вариантов. Дизайнеры предлагают комбинировать все эти опции друг с другом. Ведь стена – это чистый лист бумаги, на котором можно воплотить любые свои фантазии. Главное – знать, какого именно эффекта ты хочешь добиться.

**КРАСИМ.** ***Вместо обычной гладкой краски выбирай фактурную или декоративную штукатурку (лучше рельефную).*** Она может имитировать бархат, кожу, бетон, камень и даже мрамор (так называемая венецианская штукатурка, популярная в классических интерьерах). Для того чтобы не ошибиться с цветом, предварительно лучше сделать «выкрасы». Покрась небольшую часть стены (минимум 50х50 см) и оцени результат. Помни, что на маленькой площади цвет может выглядеть менее насыщенно, чем на большой. Поэтому не переборщи. Если выбираешь краску с перламутром, учитывай, что



она будет отражать цвета находящихся в комнате предметов и смотреться по-разному при дневном и искусственном свете.

**КАМЕНЬ** Подсветка стен с помощью бра или скрытой светодиодной ленты – еще один прием оформления стен. Подсвечивают обычно те части стен, которые выделены цветом и фактурной плиткой «под кирпич».

## ДОСТОИНСТВА КРАСОК:

- *создание бесшовного покрытия (в отличие от обоев);*
- *огромное поле для экспериментов с цветом;*
- *возможность быстро исправить «ошибки»: не понравится результат – перекрасишь (это правило касается только обычной гладкой краски).*



**НА КОНТРАСТЕ** Стены, покрашенные в разные цвета, визуально меняют пространство и подчеркивают геометрию комнаты.

**ОБЛИЦОВЫВАЕМ.** ***Дизайн керамической плитки настолько разнообразен (она может даже имитировать ткань),*** что теперь ее можно использовать во всей квартире, а не только в ванной и на кухне. Стены, облицованные плиткой, эффектны и очень просты в уходе. К такому же виду отделки можно отнести применение клинкерной плитки и натурального камня (мрамор, травертин, оникс, ракушечник). Панно из камня, кстати, прекрасно сочетаются с покраской и декоративной штукатуркой.

**ПАНЕЛИ.** Могут быть сделаны из натурального дерева, МДФ (из стружки) или полиуретана. В кабинетах их обычно кладут от пола до потолка, в других комнатах – на 1/3 стены. Оставшееся пространство красят, оклеивают обоями или тканью, декорируют лепниной или молдингами. При этом панелями обшивать всю комнату совсем необязательно, иногда достаточно выделить ими всего одну стену.

# СТЕНЫ С СЕКРЕТОМ

СТАЦИОНАРНЫЙ ДЕКОР, ЕГО ПЛАНИРУЮТ НА ЭТАПЕ РЕМОНТА/СТРОИТЕЛЬСТВА.

- **Различные ниши из гипсокартона.** Они придают пространству геометрическую четкость и визуально увеличивают комнату. Стену внутри ниши выделяют контрастным цветом или облицовывают зеркалами. При желании такие стены можно застеклить.
- **Выделение одной стены цветом,** росписью, декоративными обоями, тканью или облицовочным материалом. Чаще всего так выделяют нишу в изголовье кровати или для телевизора.
- **Подсветка бра или скрытой светодиодной лентой** – еще один возможный вариант декора. Как правило, светильники устанавливают на те части стен, которые выделены цветом, фактурой или рамой.
- **Украшение стен лепным декором.** Рамы из молдингов называют «зеркалами». Внутрь вклеивают обои или ткань, вставляют настоящие зеркала, монтируют фрески и т. д. Но при проектировании нужно четко понимать стиль, размер и расстановку мебели.

МОБИЛЬНЫЙ СПОСОБ – ЭТО ОЧЕНЬ ПРОСТЫЕ ПРИЕМЫ ПО УКРАШЕНИЮ СТЕН.

- **Самый очевидный** – повесить картины, постеры или фото. Только не переборщи с рамами, очень важно, чтобы они не утяжеляли интерьер.
- **В детской отлично смотрится часть стены, выделенная рамой,** внутри которой развешены рисунки (получится сменная экспозиция). В раму можно просто вставить белый лист бумаги, на котором ребенок сможет рисовать. Еще одна идея – виниловые наклейки.
- **Зеркала.** Они будут создавать оптические иллюзии, зрительно расширяя комнату и оживляя даже голые стены в квартире.

**ЕСТЬ ИДЕЯ** *Открытые полки можно вмонтировать в панели. Какими они будут – круглыми, наклонными или стандартными, – зависит от твоей фантазии.*







## УЗОРЫ НА ОБОЯХ

- *Помогут скорректировать пропорции комнаты: мелкий рисунок добавляет простора, вертикальные полосы визуально поднимают потолок.*
- *Сочетание крупного (или яркого) принта и спокойных фоновых обоев зонирует комнату: например, в одном углу можно сделать кабинет, а в другом – спальню.*



# Молочница – недуг организма, ослабившего защиту

**В последнее время на приеме у гинеколога, выслушав вопрос врача, что беспокоит пациентку, женщины часто, почти не задумываясь, отвечают: «Молочница». Причина такой уверенной «самодиагностики» вполне объяснима: заболевание это сегодня, как говорится, на слуху – во многом благодаря рекламе препаратов, с помощью которых можно легко избавиться от молочницы.** Однако так ли просто решается проблема, как хочет убедить нас реклама?

О том, что такое молочница, как она проявляется и как лечится, мы и расскажем в этой статье.

## ПОЧЕМУ ВОЗНИКАЕТ НЕДУГ?

**Молочница (или, говоря медицинским языком, вагинальный кандидоз) – инфекционное заболевание,** вызываемое дрожжеподобными грибками Candida. В принципе грибок присутствует на коже и слизистых каждого здорового человека, но нормальная микрофлора, полноценный иммунитет, здоровая эндокринная система сдерживают его размножение и тем самым препятствуют развитию болезни. Однако стоит защитным силам организма «ослабить оборону», и грибок начинает расти как на дрожжах. Факторами, провоцирующими развитие заболевания, могут быть сильный стресс, бесконтрольное лечение антибиотиками, длительный прием гормональных препаратов, недостаток витаминов, некоторые хронические заболевания.

## КАКОВЫ ОСНОВНЫЕ СИМПТОМЫ ЗАБОЛЕВАНИЯ?

**Основной признак вагинального кандидоза – обильные выделения белого цвета творожистой консистенции, имеющие неприятный кисловатый запах.** На слизистой возможно появление налета (желтовато-белой пленочки).

Кроме того, в области наружных половых органов могут возник-

нуть зуд, жжение, которые обычно усиливаются после полового акта, водных процедур, в ночное время (что нередко становится причиной бессонницы, приводящей со временем к нервному истощению).

## ЧТО НУЖНО ДЕЛАТЬ В ПЕРВУЮ ОЧЕРЕДЬ И ПОЧЕМУ?

**Если вы обнаружили у себя перечисленные симптомы, не стоит заниматься самолечением** – лучше, не откладывая на потом, пройти обследование у врача-специалиста. Этот момент хотелось бы подчеркнуть особо. Дело в том, что активно рекламируемые сегодня препараты действуют не на все виды возбудителя вагинального кандидоза, поэтому для эффективного лечения заболевания необходим точный диагноз, который можно поставить только по результатам специальных исследований.

Самый распространенный метод диагностики молочницы – исследование под микроскопом вагинального мазка (бактериоскопическое исследование). Однако более точным является посев вагинального секрета на питательную среду – этот метод позволяет определить вид грибка (всего его разновидностей насчитывается более 150!) и индивидуальную чувствительность организма к конкретным противогрибковым препаратам. Особенно показано такое исследование при рецидивирующей форме вагинального кандидоза.

## КАК ЛЕЧИТЬ МОЛОЧНИЦУ, ЧТОБЫ ЕЕ ВЫЛЕЧИТЬ?

**Первым и главным условием успешного лечения молочницы является укрепление иммунитета.** Для этого необходимо прежде всего пересмотреть рацион, исключив из него сладкое, мучное, жирное – это самая благодатная среда для размножения грибка! А вот овощей и фруктов нужно есть как можно больше, без ограничения можно употреблять кисломолочные продукты, полезно также принимать витаминные препараты (особенно С, В2, В6). Почаще следует бывать на свежем воздухе, однако загорать и вообще долго находиться на солнце не рекомендуется. Не менее важно соблюдать режим дня – особенно не перетруждаться, своевременно отдыхать.



Что касается самого лечения, то оно обязательно должно быть комплексным. Основу его составляют противогрибковые препараты, действующие на возбудителя болезни. Если молочница возникла впервые, достаточно, как правило, местного лечения. Если же заболевание приобрело хронический характер, в его терапии используются препараты для внутреннего применения. Что именно подойдет конкретному пациенту, врач решает в индивидуальном порядке. В любом случае беспокоиться не стоит – проблема в принципе разрешима, да и лекарственных средств от молочницы на рынке достаточно – как дорогих, так и дешевых.

Эффективность лечения вагинального кандидоза определяется лабораторными методами – по отсутствию грибков в вагинальном мазке. После этого назначают препараты, содержащие молочные бактерии, которые «заселяют» влагалище, поддерживая в нем здоровую среду.

## ДОПОЛНИТЕЛЬНО

Молочница у беременной женщины может быть спровоцирована гормональными изменениями, происходящими в организме. Дело в том, что в силу ряда причин условия для роста грибков во время беременности более благоприятны, чем обычно. Поэтому, если вы ждете ребенка, старайтесь избегать переутомления и стрессовых ситуаций, правильно питайтесь – в общем, ведите здоровый образ жизни. Если болезни все же не удалось избежать, вылечить ее необходимо еще до родов, так как молочница может передаться ребенку.



# Бедуин и араб

*Арабская сказка*



Один человек отправился в странствие по торговым делам. Но счастье не сопутствовало ему, и он решил вернуться домой. В дороге он вынул сумку с пищей и остановился поесть. Мимо проходил голодный бедуин. Он поклонился арабу и сказал:

– Я из твоей страны, а иду в Ирак.

Тот спросил: – Нет ли у тебя известий о моей семье? – Есть,– ответил бедуин. – Как здоровье моего сына? – Он в добром здравии, слава Аллаху.– А его матери? – Ее здоровье так хорошо, что лучшего и желать не приходится. – А как мой дом? – О, он великолепен, как тебе известно. – А как ты нашел моего верблюда? – Очень упитанный верблюд. – А как собака? – Как всегда, стережет дом.

Выслушав все это, купец повеселел и продолжал свою трапезу, не предложив ничего бедуину, принесшему радостные вести.

Вдруг вдалеке показался дикий козел и тотчас же снова скрылся в песках.



Бедуин решил прибегнуть к хитрости, чтобы заставить араба дать ему что-нибудь поесть, и заметил: – Благополучие проходит быстро и исчезает навсегда, как этот козел. То, что я рассказал тебе о твоей семье, о твоем доме и имуществе, – все это правда. Но так было вчера. А сегодня... Этот козел не убежал бы, если бы твоя собака была жива. – А разве она издохла? – заволновался араб. – Да, она объелась мясом твоего верблюда,– ответил бедуин.– Что ты говоришь! Разве верблюда тоже нет? – Да. Его закололи на похоронах твоей жены.– Моя жена умерла? – Покончила с собой от тоски по твоему сыну. – Как, и сын мой умер? Будь ты проклят! – Увы, крыша твоего дома упала и придавила его.

Тут араб уже не выдержал, закричал, бросился к верблюду, вскочил на него и умчался, позабыв о своей сумке с остатками еды.

Бедуин взял сумку, съел все, что в ней было, и сказал: – Вот радости-то будет у араба, когда он приедет домой...



# Экраноплан «Лунь»

Дербенталда бугеб парк «Патриот» ккола Россиялъул Яргъилал къуватазул парказул цояб. Амма Подмоковьеялдаги Смоленскалдаги ругел парказдаса гьелъул хаслъи буго, гьелъие ральдал рагIалда I5 гектар ракьул бихьизабун букIин. Гьенир палаткабазда жанир сардалги ран, рагъулаб техникаялъулгун лъай-хъвайги гьабун, рагъулал хIаязулъ гIахьаллъиги гьабун, солдатазул кванил хIалги бихьун рукIине рес буго бокьанщиназе. Туристазул рес буго МиГ истребителал ва рагъулал вертолетал рихьизе. Ральдал рагIалда гьезда дандчIвазе буго цIар рагIараб «Расул ХIамзатов» гама.

Амма, дагIба гьечIого, гьеб паркалъул бищунго хIикматаб экспонат ккола экраноплан «Лунь».

... 2020 соналъул Кайспий ральдал рагIалде баккана цо «Лунь» илан цIар бугеб Гамайищ самолетищали лъалареб гIажаибаб аппарат. Гьеб буго, СССР биххилалде цебе букIинеселъул ярагълъун рикIкIунеб букIараб, 903 проекталъул ракетазулаб экраноплан.

Гьеб гьенибе бачине гьабизе ккана цIакъ захIматаб операция. Чанго гамица хадубги цIан, Каспискалдаса Дербенталъул рагъдал рагIалде щвезе I00-I50 метр бугеб бакIалда тана. Гьенисан захIматал конструкциязда, цо къоялъе щуго анлъго сантиметралъ рагIалде цIан, гьеб кIодоч хIалица бахъана ральдалъа къватIибе. Гьелъул кIодолъи бицун божулеб жо гуро. ЦохIо кваркьиялъул халалъи буго 44 метр, жиндирго халалъи 78,3 метр, борхалъи I9, 2 метр, бакIлъи 380 тонна. КIодолъиялъухъ балагьичIого, гьеб бачине гIицIго I0 чи экипажалъул гIолев вукIана. Гьеб ракетаби раччулеб гама 20000 тонна лъел жанибе унел гумми гъанкъизаризе ургъун букIана.

Щайха гьелда экранопланилан абулеб? Гьелъул концепциялъул кьучI буго экраналъулаб эффект. БитIараб бакIалда тIасан гIодобегIанисанго боржунаго кваркьидул тIаде борхулеб къуват кIодолъулеб букIин ккола гьеб. Цебе унаго гьеб гама-самолет 2, 5–3 метралъ борхалъуда боржунеб букIиналъ, гьелда кIолаан сагIтие 500 км скорость бахинабизе. Гьеб скоросталда гьелда кIолаан тушманасул гамиде аскIобе боржине, кьвагьизе, ва гьединго нахъе боржине. Дандекквеялъе: гьеб заманялъ ральдалъ ругел гумузда сагIтие I00 км тIаде скорость бахинабизе кIолароан.

«Лунь» ральдалъе биччана I986 соналъ ва цо соналъ ЧIегIерралъдал флоталда хъулухъ гьабулеб букIана. Пачалихъ биххигун, лъиего къваригIинчIеб гьеб букIана Каспийскалда бугеб рагъулаб «Дагдизель» заводалда. Гьединлъидал хIур хъвачIого цIунунги букIана. Жакъа гьеб цIияб гIадин буго, цохIо Дербенталде бачунаго тIаса лажбар хъарсун буго. Туристазул рес буго гьеб жанисаги бихьизе.

Цо-цояз гьелда «Каспийскалъул монстр» илан абула, амма гьеб мекъи буго. Каспийскалъул монстр букIана 902 проекталда гьабураб цогидаб экраноплан. Гьеб I980 соналъ хIалбихьиял гьарулаго гъанкъана ва Каспий ральдал тIиналда бегун буго. I966 соналъ гьарулел хIалбихьиязда къватIисел пачалихъазул разведчиказ спутниказдасан гьарурал суратазда гьеб хIикматаб гама-самолеталда тIад рихьулел руго «КМ» аббревиатура. Гьеб гьез цIалун буго «Каспиялъул монстрилан».

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**



# СВЕРУХЪЛЪИГО ГВАНГЪАРАЙ...



**Къисмат... Гьелъ гIумруялда жаниб чанго батIияб къагIидалда ва рахъалдаса хIалбихьула чиясул къвакIиялъул. Амма рекIелъ кидаго букIуна захIмалъаби лъугIилин, къварилъаби кIоченин ва рохалилаб, талихIаб гIумру букIинин ва рекIел мурадазде щвелин абураб божи. Дир пишацояй Рукъият Устархановалъ абуларо жиндирго гIумру рази гьечIеб бугилан... Унгоги гIумруялда кинабго нилъееги бокьухъе гуреб, къисматалда хъвараб хIалалъ кколеб батани гьелъул зигардизе бакIги гьечIо. Гьейги божула гьедин букIиналда.**

### «ЛЪУГЬУНГЕ ЛЪИДАНИГИ РЕЛЪЛЪИНЕ...»

ШагIир, хъвадарухъан, журналист... РухIияб рахъ гIатIидал, жанисеб дунял бечедал гIадамазулгун хабар кидаго букIуна гIумруялъул хIакъалъулъ гъваридаб пикру гьабизе тIамулеб, инсанасул тIабигIат – гIамалалъул хаслъи рагьулеб, аралъул, гьанжеселъул ва букIинеселъул хIисаб гьабулеб, дандекквеял гьаризе кколеб. Жиндирго хIакъалъулъ бицунаго Рукъиятица цебечIезабула гIагараб Эрпели. Гьенир гIемерал рукIана шагIирзабиги, кочIохъабиги, хъвадарухъабиги. Гьелъулъ бихьулеб буго дир гьалмагъалда жиндие цебехунго хъвараб хIучч, творчествоялъулаб ва гIемеразда релъинчIеб къисматалъул гIаламат.

«ЛъидагIаги релълъинчIейлъун йикIа», - абун малъулаан гьелда

эмен, хъвадарухъан, педагог, историк, фольклорист АхIмад Устархановас. Гьесда цудунго халлъана ясалъул хъвадариялъе бугеб гьунар. Гьелъ абуни байбихьуда жиндирго творчество балъго гьабулаан, кучIдул инсуда рихьизе нечолаан. АхIмадица абуни рекъараб къимат кьуна лъимадул пагьму – гьунаралъе, гьелъие рецц – бакъги камизе течIо, кучIдул басмаялда рахъиялъеги квербакъана. Гьедин рахъана кучIдул цин Буйнахъск районалъул газеталда, хадур абуни республикаялъул «Ленин елу» («Елдаш») газеталда ва «Тангчолпан» («Литературияб Дагъистан») журналалда.

## «ГЪАЛАЛ РУГЕЙ ЯС»…

Гьелъие кучIдул гьари жакъаги буго керен рагьизе бегьулев гьалмагъасдехун гара - чIвари гIадинаб жо. ГьитIинаб мехалда абуни гьелда цо батIияб балъголъи бихьулаан гьеб пишаялъулъ. Анищал рукIана МГИМОялде лъугьине ва дипломатлъун яхьине. Гьеб мурадалда жийго лъугьун лъазабуна къватIисеб улкаялъул мацI (школалда доб заманалда гьеб букIинчIого) ва лъугьана къватIисел улкабазул мацIазул факультеталде.

Рукъиятида ракIалде щвана, инсул гьалмагъ Аткъай Аджаматовас жиндир кучIдул дагъистаналъул классиказда рихьизаризе ва гьез кьолеб къимат лъазе лъикIилан абиги, гьедин жинца кучIдул рахьдал мацIалда Расул ХIамзатовасе ва Фазу ГIалиевалъе цIалун рукIараллъиги. «Гъалал ругей яс» илан Расулида ракIалда чIарай гьелъул кучIдуз лъикIаб асар гьабун буго шагIиразе. Гьебго заманалда лъарагIазул радиоялъул редакторлъун вукIарав С. Токболатовас гьей ахIула жиндирго передачаялда гIахьаллъизе ва махщалида хъварал асарал гIемерал гIадамаздаги рагIула.

БагIараб дипломги щун, аспирантуралде нух рагьун букIарай Рукъият, куркьбал рижарайгIадинги лъугьун, хIадурлъула Москваялде ине, МГИМОялде лъугьине къасдгун.

Амма эбел разилъуларо, гьелъ абула ясал рикIкIаде риччазе бегьуларин ва лъазабула школалда хIалтIизе лъугьани лъикIаб букIинилан. Ясалдаги, кигIанго захIмалъаниги, бажаруларо эбелалъ малъараб гьабичIого йикIине. Уна школалде ва гьенир аслияб хIалтIиялде тIаде тIуразаруна жамгIиял ишалги. Хадуй чанго соналъ йикIуна Буйнахъск районалъул комсомолалъул гIуцIиялда батIи - батIиял ишазда. Цо заманалда гьелъ гьабула районалъул "Коммунизмалъул чIор" газеталъул секретарлъиги.

Гьеб мехалда гьунар бугей журналисталъул хIакъалъулъ рагIула «МагIарулай» журналалъул редактор, Дагъистаналъул халкъияй поэт Фазу ГIалиевалда ва гьелъ Рукъият ахIула рехсараб журналъул лъарагIазул редакциялъул редакторлъун хIалтIизе.

## ЖУРНАЛ ГIУМРУЯЛЪГО…

- Доб букIана дир гIумруялда жаниб ккараб кутакалда кIвар бугеб лъугьа-бахъин, - ян абуна Рукъиятица, - дунялалдаго цIар рагIарай шагIиралъ дун лъикI къабул гьаюна, хадубги, дун АхIмад Устархановасул яс йикIин лъараб мехалда, гьелда ракIалде щвана Аткъайил берталъ жинда гьитIинай ва риццатал гъалал ругей яс йихьун йикIарайлъиги.

Редакторалъ жинда тIадкъалел рукIанила кIвар бугел темабийилан бицана Рукъиятица. Жий щвечIел бакIалги хутIулароанила, хъвачIел темабиги, рагьичIел суалалги толароанила.

Фазу ХIамзатовналъул школа гIадада ккечIо. Поэзиялъе малъа – хъваялги. «Мухъниги хъвачIого къо биччаге!» ян малъулаан долъ. Амма, Рукъиятил поэзиялъе къимат кьолев аслияв чилъун вукIана эмен.

- Гьес кечI гIодовиччан цIалулаан. Цо – цо бакIал лъикI ругилан абулаан, рекъон гьечIел бакIалги рихьизарулаан ва гьединаб къиматалъ хIалтIизе гьираги бижизабулаан. Рукъиятил кучIдул гIагараб лъарагI ва гIурус мацIалда рахъун рукIана гIемеразул цадахъаб поэзиялъул «Радуга», «Созвездие» сборниказда, лъарагIазул поэзиялъулаб антологиялда. 2003 соналъ къватIибе бачIана гьелъул рахьдал мацIалда хъвараб тIоцебесеб«АскIосангIаги унаревани…»абураб цIаралъул тIехь. Хадуб рахьдал мацIалда рахъана поэзиялъул ва прозаялъул «ГIажаибаб сихIкъотIи», «Бакъул махI», «КIкIамури», «Рохьоб сухIмат» абурал сборникал.

## АБАДИЯЛ СУАЛАЛ…

Рукъиятил творчество буго гIумрудул кидагосел суалазда тIад ургъизе тIамулеб, ритIухълъи ва тIекълъи батIа гьабизе малъулеб, гъваридаб лирика ва философия жаниб бугеб… Щивав цIалдолесда батула гьениб ракIалъе къабулаб жугьа, пикру, балагьи. Берцинал накъищаллъун рекъезарун рихьула гьелъул асаразулъ гъваридал пикрабиги, гьезулъ бихьула хIакъикъияб гIумру. Художникас сураталдагIадин, цебечIезабизе бажарула Рукъиятидаги прозаялда жаниб кинабго. Гьелъ хIадур гьабун буго, цебехун букIинчIеб, поэзиялъул календарь ва гьелъ кумек гьабула лъарагIазул къагIидалда лъагIалил моцIал ракIалда чIезаризе.

## КИДАГО ХIАЖАЛЪУЛЕЙ…

ШагIир, хъвадарухъан Рукъият Устархановалъул гIумруго буго жигараб, жинда сверухъ ругелщиназе пайдаяб. Нижги уна гьезде гьоркьоре. ЛъебергогIан соналъ гьейгун цадахъ «МагIарулай» журналалда хIалтIарал нижеда гьей лъала ракI жубарай, тамахай, адаб - хIурмат бугей гьалмагъ хIисабалда. Рокъойги гьединайго, хабар - калам дагьай ва тамахай гIадан йиго Рукъият. ГIезарун гIумруялде рахъарал лъабго лъималги руго гьелъул.

Сундулъха бугеб Рукъиятил ракIалъул цохIалкквеялъул балъголъи? Кин гьелъухъа бажарулеб лъикIай шагIирлъун, лъадилъун, эбеллъун ва кIодоэбеллъун йикIине, абураб суалалъе жаваб гьабизеги гьей

гIедегIичIо. ГIодойиччан ракIалде щвезабуна жидер анлъго лъимер жаниб гIолеб букIараб хъизан. Абуна, гьанже киналго гIунги кIодолъунги рукIаниги, гIумруялда нух бихьизабулел цIвабилъун жидее эбел - эмен хутIун ругила.

- КIиялго гьел кколаан педагогал, гьезул умумулги рукIана мугIалимзаби. Гьединаб, хъизаналда гIурал нижееги тарбия лъикIаб щвана, - абун бицана гьелъ. Гьанжеги нижеда дозул ками кутакалда рагIула, гIоларого буго гьезул хинаб бербалагьиги, цIодораб каламги. Эбел - эмен рукIана росдаего ратулел, жидедаса мисал гIемераз босулел гIадамал. Гьединго дозда лъалаан захIматалъул къимат, нижги тIамулаан гьелъул къимат гьабизе.

ДАССРалъул мустахIикъав учитель, «КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда бихьизабураб хIаракатчилъиялъухъ» шапакъат щварав ва А. Чеховасул медалалъе мустахIикълъарав АхIмад Устархановасе гIемерал грамотаби хIукуматалъул ва Хъвадарухъабазул Союзалъул рахъалдасаги щун рукIана. Гьев вукIана жеги чIахIиялги шапакъатазе мустахIикъав, амма гьезда хадув лъугьинчIого, жиндирго иш ракIбацIцIадго гьабулев чи. ГIадамазулъги гьесда лъикIал гурони рахъал рихьулароан.

Гьанже кинха Рукъият Устарханова йигей? КидагогIадин, гIадамазеги къваригIун гIумруги бокьун. Гьей хIалтIулеб Буйнахъск районалъул культураялъул управлениялъ нухмалъи гьабула лъабго школа исскуствоялъеги, росабазул библиотекабазеги, «Темир – хан Шура» абураб халкъиял кучIдузул ансамблялъе ва «Узденьь» хоралъе. ХIалтIи камун кидаго букIунаро.

Цоги. Рукъият ккола Буйнахъск районалъул руччабазул союзалъул председательги. Гьенийги гьей мустахIикълъана Россиялъул руччабазул Союзалъул хIурматалъул грамотаялъе. Гьелъул хIаракаталдалъун ва нухмалъиялда гъоркь хIадур гьаруна гIемерал художествениялгун – творчествоялъулал проектал. Гьезул кIудияб хIажалъи букIуна гIемермиллатазул республикаялъул халкъазул фольклор лъазабизе ва гIатIидго рагIизабизе. Гьединлъидал Рукъиятица гIемераб хIаракатчилъи бихьизабула гIолохъабигун лъимал миллияб культураялъул рахъ лъазабиялде цIазе.

АнцIго соналдаса цIикIкIун заманаялъ Рукъият Устарханова хIалтIана гIагараб Эрпели росдал тарихалда тIад. КIудияб хIалтIи ккана гьебги. Гьанже гьеб рагIалде бахъун буго. Рукъиятицаги гьеб тIехь хъван буго инсул амру гIумруялде бахъинабун.

***ГIумруги гIадамалги хирияй, хIаракатчилъи гIурай, гIагараб росдаде ва йижараб ракьалде рокьи цIикIкIарай гIадан хIисабалда Рукъият батIияйлъун цеечIезайизеги бегьилароан.***

***Исана буго гьелъул юбилей. Меседилаб ригьалде яхарай гьей жеги гIолохъанго йиго. ГIемерал руго аницал, районалда ва росулъ культура цебетIезабиялъе планал. Гьарула гьелъие икъбал!***

**ГIАЙШАТ ТАЖУДИНОВА**

# ГЬЕБ ЛЪИМАЛАЗЕ УНГО-УНГОЯБ РУКЪ БУГО

Чанго соналъ цебе нижеца журналалда таманалго макъалаби рахъун рукIана «Лъимал чиярал рукIунаро» абураб темалда. Гьениб бицун букIана лъималазул рукъзабазул бугеб хIалалъул, гьенире лъимал кьеялъе кколел ругел гIиллабазул, гьенир гIурал лъималазул гIумрудул къисматалъул ва  цогидалъулги.

Долдаса нахъе гIемераб хиса-баси ккана. Гьанже цохIо Буйнахъскалда гурони гьединаб учрежденияго хутIичIо. Гьениб жакъа батараб ахIвал-хIалалъул бицунаго, байбихьизе ккола азбар-къоноялда бугеб рацIа-ракъалъиялдаса. КIудияб азбар бугоан берцинго къачIан ва тIегь-хералъул рахъал бечедго. БатIи-батIиял тIугьдузул махIаз ва сверухъ бугеб берцинлъиялъ ракI бохизабуна.

Дида данде вачIана директор ТIайгиб Жаватханович МухIамадов.  1999 соналъ вачIун вуго гьев лъималазул рукъалъе нухмалъи гьабизе. Гьелде щвезегIан хIалтIулев вукIун вуго сахлъи цIуниялъул министерствоялда. Доб мехалда жинда гьеб батанила цIакъго бичча-бихъан абун бицана гьес. ХIатта гордазда цIерги гIемерисеб бакIазда полиэтиленалъ хисун бугоанила, къадал рукIанила жагъаллъун, хIалтIулеб коммуникация кинабгIаги букIинчIила ва квегIенлъабиги гIолел рукIинчIила. Гьелдаса хадур арал соназда учреждение лъаларедухъ хисун буго живго директорасул ва тIолабго



коллективалъулхIаракатчилъиги гIун. Гьанже гьенир камурал шартIал гьечIо, квегIенлъабиги гIурал руго. Абизе бегьила лъималазул гIумру рокъобгIадин бугин гьенибилан.

ТIайгиб Джаватхановичас бицана къокъидго гьел шартIал гIуцIизе жиндихъаги бажаричIила, букIинчIила рес. Гьелъие гIемераб квербакъи гьабун буго республикаялъул сахлъи цIуниялъул министерствоялъ. Гьанже учреждениялда руго киналго хIажатал специалисталги: логопедал, психологал, физиотерапевтал ва цогидалги. Руго рукIа-рахъиналъе лъималазе рекъон кколел квегIенлъабиги, гьабун буго киса-кибего ремонтги. Гьанже планалде босун буго гьеб капиталияб къагIидалъ къачIазеги.

Кинабго гьеб лъималазул рукъалъе кIвар бугеблъун кколеблъи лъала. Амма мурад букIана лъазе, лъималазул рокъоре кинал гIиллабазда бан гьитIичал кколел ругел, щай гьел гIезаризе ва тIалаб-агъаз гьабизе чи гьечIого хутIулел ругел. Дагъистаниязе хасиятаб жо гурелъул лъимал рехун тей, нилъ рикIкIуна гурхIел-рахIму цIикIкIарал гIадамаллъун. Гьедин бугеб мехалда щалха гьел пачалихъалъул учреждениялда гIезарулел лъимал, лъил гIайиб гьеб?

ТIайгиб Жаватхановичас бицана иш дагьаб батIайиса бугилан. Эбел-инсуца хьихьичIебги лъимер гIагарлъиялъ рехун толарила. ХIатта гьедин хутIаралгицин, гIузру жидер гьечIел, ай сах-саламатал лъимал жидехъе рачIунарила. Гьединазул тIалаб гьабулел, ай хьихьизе рачунел камуларила.

- Гьанив хIалтIулев вугеб 24 соналда жаниб дида чанги жо бихьана, - ян абуна директорас.
– Амма цониги букIинчIо бесдал лъимер гьанибе бачун бачIинаналъул мисал. Жибго гьаб Лъималазул рукъалъул тарихги байбихьана араб гIасруялъул 30 абилел соназда. Доб мехалъ Дагъистаналде гIемерал рачIунаан гочун цогидал регионаздаса гIадамал, букIана ракъиги къварилъиги. Гьеб заманалда хIажалъана лъимал хьихьиялъе хасал Рукъзал рагьизе ва гьел гIемералги рукIана. КIудияб ВатIанияб рагъул ва гьелда хадусел соназда Лъималазул рукъзабазда бакI щоларого букIунаан. Амма доб заманалдагицин жидер тIалаб гьабизе нахъа чи вугеб лъимер Лъималазул рокъобе кьолароан.

ГьабсагIаталдаги нижехъ ругел гIемерисел «эбел-инсул лъимал»руго. Нижеца гьезда абула заманалъ нижехъе кьурал лъималилан. Гьединаб ахIвал-батIи-батIияб къагIидалда гьелдаса эркенлъизе хIаракат бахъула, амма хадуб сахлъи нахъе ккеялъе гIиллалъунги букIуна. Гьединлъидал жидер учреждение тохлъукье ккараб ва хвезабизе бокьичIеб лъимер хьихьун гIезабиялъе чара гьечIого хIажалъулеб бакIлъун бихьулилан абуна директорас.

- Бесдал хутIаразул гьабсагIаталда гьанир анкьгоял руго, - ян бицана гьес. – Гьел киналго ккола жидер батIи – батIиял гIузраби ругел ва кумек хIажатал лъимал. Гьединал



хIалалъе абуни гIиллаби гIемерал ратула гIумруялда. РукIине бегьула рикIкIада «вахталъ» хIалтIулел, унтун, захIматаб хIалалде ккарал, судалъ эбел-инсул ихтияраздаса махIрум гьарурал гIадамал ва цогидалги гIиллаби. Гьединлъидал, тIуранго рехун тараллъун гьанир ругел лъимал рикIкIине бегьуларо. Гьезухье щвечIого эбел-эменги гIагарлъиги букIунаро, санагIат ккедал рокъоре рачинчIогоги толаро. Цо-цо букIуна рехун батараб лъимерги.

ТIайгиб Жаватхановас бицана жиндир заманалда лъимер гьениб кIалтIа лъун батиялъул лъабго мисал бугилан. Тохлъукье лъимаде ккарай чIужугIаданалъ лъимал хьихьизеги рачинищха. Ниж гIадинал, лъимал хьихьулел бакIазда хIалтIулел гIадамазда гIумруялъ малъула батIи-батIияб ахIвал-хIал цебечIезабизе, гьезда гъорлъе ккезе. Нижее кIвар бугеблъун букIуна лъимералъе кумек гьаби. БатIалъи гьечIо, унтараб яги сахаб гьеб батаниги, киназего гьабизе ккола рекъараб хъулухъ.

Дида гIемерал лъала мисалал гIолилал ясал, божизарун, махсароде ккваялъул. Гьединаб ахIвал-хIалалда, эбел-инсудаса хIинкъун, рогьоялдаса цIунун, гIолилал мусудуз лъимер балъго гьабула ва чара букIунаро гьеб киб букIаниги парахат гьабичIого.

Гьединго камуларо лъимал гьарураб рокъобого улбуз жиндир лъимадаса инкар гьабиялъул хIужабиги. Гьединаб ихтиярги буго. Гьай – гьай, щибаб нухалда гьечIониги, гIемериселъ гьединазе кумек гьабула гIагарлъиялъ, гьудулзабаз. Лъала гьединго сахаб лъимер хьихьизе бокьарал ва гьезда хадур хьвадулелги дагьал рукIунареблъи. Лъимал гьарулел рукъзабахъ гIемерал иргаби гIун руго, хьихьизе лъимер щвеялъе хьвадулел, кодор киналго документалгун ругел гIадамазул. Гьединлъидал гIемерисел рехун тарал ва инкар жидедаса эбелалъ гьабурал лъималги лъикIал хъизаназде ккола.

ТIайгибица бицана ахирал соназда эбел-инсуца тIалаб гьабичIого, ай рехун тарал лъималазул къадар гIезегIанго дагьлъанилан. Гьелъие гIиллалъунги кканила пачалихъалъ I7 сон базегIан лъималазе гIарац кьолеб букIин. Цебехун эбелалъ лъимер пачалихъалъул учреждениялде жинцаго хьихьизе бажарунгутIиялда бан кьолеб букIараб батани, гьанже гьелъие лъимал хьихьизе кьолеб пособия бугила ва гьезул тIалаб гьабизе щолила.

Жиндир хIалтIи бугила опекаялъул ва попечительствоялъул хъулухъазда бухьараб абунги бицана директорас. ГIемер кколила хъизаналда эбел-инсуца къварид гьарулел лъимал мадугьалзабаздасан лъан, гьел идарабаз лъималазул учреждениялде ккезариялъул хIужабиги. БукIунила цо-цо эбел-эмен жидерго ихтиялдаса махIрум гьариги. Чанги кколила гьединаб хIинкъиялда бан лъимадул эбел-эмен жалго гIадлуялде рачIунебги.

Нижеца хадубги хабар хьихьизе лъимал рачунел рукIиналъул темаялде буссинабуна.

- Эбел-эмен ихтияралдаса махIрум гьаруни гьеб лъимер хьихьизе бачине бегьулищ?

- Ихтияраздаса махIрум гьаруралги гIадамазе заманалдасан гьеб щвезе бегьула. Гьединлъидал гьединал лъимал жидерго цебесеб гIагарлъиялъул тIалаб – агъазалда тола. Гьединго къанагIат кколеб жо буго сах-саламатаб лъимер хьихьизе чияхъе кьейги. Гьеб къваригIарал гIемерал рукIуна. Амма хьихьизе чияхъе кьола сахлъи жидер гьечIел лъимал. Цо гьединаб, цебего ккараб, лъугьа – бахъиналъулги бицун тела.

Хунзахъа рос-лъади рачIана нижехъе. Рос вукIана комбайналда хIалтIулев чи, лъади – доярка. Гьезул лъималги рукIинчIо. Дица гьезда абуна сахаб бесдаллъимер гьезие кьезе гьечIилан. Гьез абуна: «Нижеца хIукму гьабун буго хьихьизе лъимер тIаде босизе, сахаб батичIони загIипабги бачине буго, БетIергьанасда цере рахъине рацIцIадаллъун рукIине». Гьез бачун ана ДЦПялъ унтараб лъимер ва гIезабуна гьеб. Гьанжеги гьеб лъимер гьезда цадахъ буго ва гьез гьелъул тIалабги тIасан борчIун лъикI гьабула.

Лъималазе хъизан- рукъ цIакъго къваригIараб букIинги лъан, гьеб Лъималазул рукъалъул коллективалъ хIаракат бахъулеб буго рокъобого гIадинаб ахIвал - хIал учреждениялдаги чIезабизе. Киса-кибего рацIцIалъи чIчIезабунбуго, лъималазде тарбиячагIаз кьолеб кIвар жидерго лъималаздехун гIадинаб буго. КIалдиб квен лъун кваназаризе кколел гIисинал лъимал, кодор ккун, каранде къан реэдулел ругоан гьенир.

Руго лъикIал расанкIабиги, рукъзабахъ гьоркь тIамун халичаби, рихьизарулел руго аваданал ва пайдаял мультфильмалги. РетIа – къайги буго къамартIаб ва бацIцIадаб, катIари хаялде, хIатта ясазе гьалал хьухьиялде гIунтIун, рокьигун гьабулеб бугоан лъималазул тIалаб, ай рокъоб букIунеб хIал бугоан гьениб.

ТIайгиб Жаватхановичас абуна жидее бокьилаанила гIемерал соназ гьеб Лъималазул рукъалъе жидехъа бажарараб кумек гьабулел РДялъул МВДялъул министр ГIабдурашид МухIамадовасе ва РДялъул ХIисабалъулаб палатаялъул Председатель Билал ДжахIпаровасе баркала загьир гьабизе.

- Гьез киданиги абуларо жидеца кумек гьабулеб бугилан, амма кидал щиб гьарун аниги, инкарги кколаро. Гьезие баркала буго, кириги букIина.

***ГIемерал хинал рагIаби хъвазе бегьилаан живго ТIайгиб Жаватхановичасе рецц - бакъ гьабунги. Гьесул нухмалъиялда гьоркь хIалтIулеб коллективалъги гьабулеб буго баркалаги камулареб кириги гIемераб хIалтIи.***



**Сульгият БУЛГАЕВА**



# КечI ахIула ракIалъ

Казаказул кечI цогидазда релъараб гьечIо, гьеб ахIула, гьаракьалъ гуреб, ракIалъ. РекIелъе биччани, черхги цIунцIрахинабула,гIенеккичIого тезеги кIоларо.

Гъизляралда бугеб, Терекалъул хор кида кин гIуцIун букIараб ва гьеб коллективалъул хIакъалъулъ бицунеб буго РДялъул культуралъул мустахIикъай хIалтIухъан, казаказул кочIолаб ансамблялъул Генералийяй директор Светлана Сергеевна Черевковалъ.

- Казаказ кидаго рикIкIунаан ва гьанжеги рикIкIуна жал Северияб Кавказалъул киналго миллатазул лъикIалщинал рахъал росараб халкъ бугилан. Нижеца нижерго творчествоги хIалтIизабула нижерго культура цIуниялъе, гIадатал кIоченчIого рукIиналъе. Миллаталъул хаслъи лъазе бокьун бугищ – гIенекке гьелъул кучIдузухъ. Казаказул кочIолаб ирс буго бечедабги, тIолабго Россиялъул рухIияб гIумруялда жаниб хасаб бакI кколебги.

**- Кидал гIуцIун букIараб ансамбль?**

- Гьеб гIуцIана I986 соналъ Дагъистаналъул мустахIикъав артист Юрий Александрович Сахаровас. 2000 соналъ ансамблялъе щвана «пачалихъалъулаб» абураб цIарги. Гьале 23 сон буго гьеб «Гъизляралъул визитияб карточкалъун» ккаралдаса. Гьедин абула республикаялдаго нижер Терекалъул ансамблялда ва гьелъ гIадамазе кьола рохел.

**- Дидаги чанго нухалда бихьана гьеб коллективалъул церерахъин ва рекIее гIуна. Нуж гIемерал хьвадулел ратила концерталгун?**

- Терекалъул ансамблялъул хIаракатчилъи гIицIго шагьаралъул, республикаялъул ва халкъазда гьоркьосел сценабазда церерахъиназда къокълъуларо. Ниж гIемерал хьвадула, цере рахъуна КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазда, захIматалъул коллективазда, рагъулал частазда, гастролиял сапарал рукIуна хIалуцарал бакIаздеги. Гьедин нижер гастролал рукIана СВОялъул зонаялдеги, гьелъул гIахьалчагIазул хъизаназда цереги. Кьуна концертал, лъутун Гъизляр районалъул ракьалде рачIарал, ЛНР, ДНР, Херсон ва Запорожье областаздаса гIадамазе. Гьел рукIана Россиялъул Президентасул ва армиялъул рахъ ккун, «нилъ цIиял областалгун цадахъ» абураб ахIиялда гъоркь гьабураб хIалтIи. Гьединабго хIаракатчилъи нижер коллективалъ бихьизабуна исана Россиялда кIодо гьабулеб, Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул ХIамзатов гьавуралдаса I00 сон тIубаялъул хIурматалдаги. ГIемер гIахьаллъула ниж батIи – батIиял фестиваласдаги. Мисалалъе, Москваялда букIараб, казаказул кочIол «Сполох» абураб Халкъазда гьоркьосеб фестивалалда гIахьаллъун нижее

щвана ункъо шапакъат ва гьезда гьоркьоб буго бищунго тIадегIанаб – апостол Андрей Первозваниясул иконаги.

Директор хIисабалда, дие гьениб кьуна Москваялъул кавказалъул Централияб аскаралъул атаманасул грамота. Дагъистаналъул делегациялда цадахъ, нижер ансамбляялъул вокалияб къокъа гIахьаллъана, «Москва - казаказул станица» абураб, Халкъазда гьоркьосеб фестивалалда. Гьеб букIана Россиялъул Президентасул казаказул ишазул Советалъ ва Москваялъул хIукуматалъ хIадур гьабураб тадбир. Гьединго нижер ансамбль цебе бахъана, «Проэкспо–2016» абураб, Европаялъул Бакъбаккул улкабазул цебелъеялда, Астраханалда букIараб, «ЧIагояб лъим» абураб фестивалалда ва «Содружество» абураб, регионазда гьоркьосеб, фольклорияб фестивалалда. Цере рахъинал рукIана ЮФОялъул ва СКФОялъул киналгогIадин регионазда.

**- Дагъистаналда гIемерал рукIунищ цере рахъинал?**

- Ниж ккола республикаялда тIоритIулел киналго творчествоялъулал тадбиразул гIахьалчагIи. ГIахьаллъула «Ирс», «МагIарулал», «Кавказ – цогояб хъизан», «Дир халкъалъул кечIги къурдиги», «Умумузул гIадатал», «Казаказул азбар», «МугIрузул дандерижи», «ЦIамагIури», «Чиндирчеро», «Казаказул рецц», «Чвахе, халкъалъул кечI!» абурал фольклоралъулал фестивалазда. Терекалъул ансамбль концертгун цебе бахъана Тарумовск, Бабаюрт, Нугъай, Ахты, ГIахьвахъ, Хасавюрт, Леваши, Гъуниб районалъул росабалъги, Дербент, Каспийск, Избербаш, Хасавюрт, Буйнакск, Южно - Сухокумск, Дагъогни ва гьединго МахIачхъала, Гъизляр шагьараздаги.

ГIахьаллъана ниж, Россиялъул халкъияб творчествоялъул КIалгIаялъ тIобитIараб «Северияб Кавказалъул хIаял», «Евразиялъул гьаракь» абурал Халкъазда гьоркьосел фестивалаздаги, хоразул коллективазул фестивалаздаги, Дагъистаналъул туризмалъул Халкъазда гьоркьосел форумаздаги, «Нилъ Россиягун цадахъ руго» абураб, МахIачхъалаялда букIараб, акциялъулаб концерталдаги ва МахIачхъалаялда РПЦялъул епархия рагьиялъул хIурматалда тIобитIараб рохалилаб тадбиралдаги.

**- Унго-унгоги жигарчилъи гIураб бихьула. Гьедин щварал шапакъаталги гIезегIанал ратила?**

- Ругоха. Гьеб ккола РДялъул БетIерасул Грант, Терекалъул казаказул аскаразул атаманасул хIурматиял грамотаби ва гIемерал цогидалги шапакъатал.

**- Репертуар кинха хIадурулеб, сунде кьолеб кIвар?**

- Гьелда гIахьаллъула тIолабго коллектив. Аслияб хIалтIи худрукасде – дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Валерий Витальевич Митьковецасде тIаде ккола. Бищун рекIее гIурал тIаса рищула …

Гьенив хабаралде гьоркьове жувана Валерий Митьковецги.

**- Ансамбляялъул Меседилаб фондалде киналха кучIдулха ккарал ва гьезда абизе бегьулищ машгьуралин?**

- Бегьула. Нижеца ахIула халкъалда рагIарал ва гIемерал ахIарал кучIдул. Руго гьел некIсиялги. Аслияб къагIидаялда тIаса рищула рагъулаб ва патриотикияб темаялда ахIулел кучIдул. Мисалалъе, КIудияб Бергьенлъиялде гьарурал, «Казак аскаралде витIиялъул», «Рагъдаса руссунел казаказулгун дандчIвай гьабиялъул» хIакъалъулъ. Гьединго гIемерал руго ракIалъе къабулал, гIадатияб мацIалда хъварал. Руго рокьулги махсародулги кучIдулги.

**- Кинаб наречиялда гьел кучIдул ахIулел? Казаказул мацIалъулги щибаб бакIалда свери бугилан абула.**



- Киналго гIадин гьел ахIула гIурус мацIалда, амма руго казаказул фольклориял, Терекалъул ракьалда ругезе ругьунаб мацIалъул свериялда ахIулелги. Унгоги гьезул батIалъи гIемераб буго гIурусмацIалдасаги, казаказул цогидал наречияздасаги.

Нижер лъикIаб бухьен буго Россиялъул цIар рагIарал творчествоялъул коллективазулгун. Гьел ккола Кубаналъул казаказул хор, Санкт – Петербургалъул казаказул фольклорияб коллектив «Братина». Цебегоялдаса нижер гьудуллъи буго Чачаналда ва Ставрополалда ругел казаказул хоразулгун. Ниж гIемер щола гьезухъе, гьел нижехъеги.

**- КигIан заманаялъ мун гьенив хIалтIарав ва щиб дуе гьениб бокьулеб?**

- Дун хIалтIулев вукIана Тарумовск районалъул культураялъул отделалъул заведующийлъун. Гьаниб художествениял руководительлъун хIалтIизе рес ккедал, дица доб хъулухъ гьираялда гIодоб тана ва гьале 20 соналдаса цIикIкIун заманаялъ гьабулеб буго гьаб хIалтIи.

Светлана Сергеевналъ тIаде жубана, В. Митьковицас хъванила режиссер А. Гребоньковас бахъараб, «Доналъул атаман Ермак» фильмалъе бакъанги ва хоралъул коллективалъ гьеб ахIизеги ахIанилан.

- Нижеца гIемераб хIалтIи гьабула Багратионил цIаралда бугеб тарихиябгун – тIабигIат лъазабиялъул музеялда, Гъизляралъул гьанжесеб тарихалъул музейгун, казаказул культура лъазабиялъул Республикаялъул Централда цадахъ. Цадахъ рекъон хIалтIиялъул мурадги буго казаказул культураялъул пропаганда гьаби, гIадатал лъазари ва лъикIал цIигьари. Гьединго Терекалъул ансамблялъ гIолилазе тIоритIула терроралде, экстремизмалде, наркотиказде данде чIарал акциялги.

**- ГIемер миллатазулаб коллектив бугилан абуна нужеца, щай гьел артистазул хIакъалъулъги бицунареб?**




- Ансамблялда хIалтIулел киналго руго гьунар бугел ва творчество лъалел гIадамал. Руго нижер лъикIал солисталги: Татьяна Несина ва Зоя Паршина. Гьел кIиялго ккола РДялъул мустахIикъал артистал. Зоя йиго тIубанго казачка ва гьелъ бицине те жиндирго хIакъалъулъ…

- Дун гьаюна Каргалинскалда, кIудада вукIана атаман. Жеги гьитIинго дида рагIулаан эбелалъги кIодоцаги некIсиял кучIдул ахIулел ва гьел дидаги гIумруялъ ракIалда чIана …

Хабаралде жувана гIолохъанав ва гьунар бугев артист Павел Балаханов. Гьес кечIги ахIула кьурдизеги кьурдула ва гьединго сайтги буго гьес бачунеб, жидерго ансамблялъул бицунеб блогги.

- Вокалист ва музыкант хIисабалда дие гIемераб кумек щвана ГIабдула МухIамадовасул, - абун байбихьана гьес, - дов вукIана лъикIав солист, казаказул кечI хирияв чи. ГIайиб гурищ, гIолохъанго хвана.

ГIолохъанай солистка Вероника Чалаева:

- Дун талихIай йиго гьаб нух тIаса бищиялдалъун. ХIалтIиялъ дие кьола рохел. Ралагьарал ва гIенеккаразул разилъи бихьидал, ракIги бохула ва жеги лъикI хIалтIизе гьираги бижула.

ТIаде гIолеб гIелалъул ва гIолохъанал гьунарчагIазул бицунаго ракIалде щвезабизе ккола, Терекалъул театралда цебе гIуцIун бугеб, лъималазул «Казачата» абураб коллективги. ГьитIинал гьунарчагIаз жалги рази гьарулила гьезул лъикIал артистал лъугьиналдаги щаклъуларилан абуна Светлана Черевковалъ.

Гьенир кIалъарал артистазухъ гIенеккун бихьулеб букIана Светлана Сергеевналъул нухмалъиялда гьоркь хIалтIулеб коллектив гьункарабги, хIаракатабги, жидерго иш бокьулебги бугеблъи. 2002 соналдаса нахъе йиго гьей рехсараб ансамблялъе бетIерлъи гьабулей ва гьеб заманалда гIемерал лъикIал хIасилалги ккун руго. Ансамблялъул хIалтIухъабазул рахъалдасан кIудияб хIурматалъеги мустахIикълъун йиго директор, хIукуматалъул рахъалдасаги щун руго мустахIикъал цIаралги шапакъаталги.

**Виолетта РАТЕНКОВА**




Журналалъул архивалде раккидал лъикI бихьула нилъер улкаялъул тарих, пикру гьабизе тIамула букIараб лъикIаб заманалъулги гIумруялъулги. Доб СССРалъул букIинеселда божилъи бугеб заманалдаги, цIалдолезул кIвар буссунаан жилдазда жидер суратал лъурал гIадамазде. Гьезул гIемерисел гьанже кир ва кин ругелали лъаларо. Гьенир машгьурал гурелги гIадамал рахъулел рукIиналда бан. РукIунаан гьенир партиялъул мухъилал хIалтIухъабиги, спортсменалги, захIматалъул церехъабиги, гьединго гIадатиял руччабиги. 80 абилел соназда социализмалъулаб пачалихъалда хурухъабазде, гIияхъабазде, заводал – фабриказул ва цогидалги захIматчагIазде кьолеб кIвар гIураб букIана. Журналалъги жиб рагьараб къоялдаса нахъе бихьизабулаан руччабазул гIумру, яшав, пиша.



Кодоб лъимергун I983 соналъул журналалъул гьумералда йиго талихIай гIолохъанай эбел. Доб заманалда жилдалда лъураб сураталъе макъала хъвалеб къагIидаги букIинчIо. Гьениб буго хъван «Эбелалъулаб талихI» абун. Гьей ккола, жиндирго лъимергун, Муслимат Абакарова. Гьелъул гIумру жеги цебе букIана ва гьелда жиндаго лъалароан кин гьеб инебали. Гьанже, долдаса 40 сон свередал, бицунеб буго гьелъ жиндирго гIумруялъул.

Расул ХIамазатовасул цIаралда бугеб Дагъистаналъул Миллияб библиотекаялъул культуриял программабазул отделалъул бетIерай библиотекарь Муслимат Абакароваль бицана, доб заманалда жий, I98I соналъ гьаюрай яс Калиматгун, «МагIарулай» журналалъул жилдалде тохлъукьего ккун йикIанилан.

- Дир рос Заур вуго цIакъ творчество бокьулев чи. Гьесул гьалмагъзаби руго художникал, музыкантал, журналистал. Живго гьев ккола тарихчи, амма гIумруялъ хIалтIана художник – оформительлъун. Хъвана афишаби, плакатал. Гьединго гьес кечIги ахIула. Цо нухалда паркалда нижеда дандчIвана машгьурав фотокорреспондент Камиль Чутуев. Гьес бахъун букIана нижер суратги. Журналалдаги гьес гьеб лъун букIана дир 30 сон тIубаялде, сайгъат хIисабалда,

# ЦЕРЕСЕЛ ЖИЛДАЗДАСА

- ян бицана Муслиматица.

- Дида лъалебго букIинчIо журналалда дир сурат букIин. Лъималгун Дагъогни шагьаралде эбел - инсухъе щун йикIана дун. Росасе инегIан дун гIумру гьабун гьений йикIана.

Жий Югалъулаб Дагъистаналдасаги кколарилан бицана Муслиматица. Гьелъул умумузул ракь буго Кули районалъул Кая росу. Гьаюн йиго Северияб Осетиялъул Орджоникидзе (Владикавказ) шагьаралда, эмен гьенив университеталда цIалулев вукIун. Эбелалъ хьухьарал квасул тIагърралги ричун, эмен цIалун вахъинегIан, гIадатаб яшав букIун буго гьезул хъизамалъул. Хадур рахъун руго Дагъогни шагьаралде ва гIумру гьабун гьенир чIун руго.

- Дое щведал хадубго гIунтIана росасул телеграмма: ««МагIарулай» журналги босе» - абун. Киоскалдего ине ккечIо. Доб мехалда, киназулго гIадин, эбел-инсулги рукIана гIемерал хъвалелги цIалулелги басмаял. Гьезда гьоркьоб нужер журналги батана. Гьелда дунго йихьидал гIажаиблъун хутIана. Унгоги ракIалдаго гьечIеб сайгъатлъун ккана гьеб.

Муслиматил инсуца дарсал кьолаан №2 школалда. Эбел хIалтIулаан цIорол кIкIор гьабулеб заводалда. ТIахьал ва цогидабги цIали букIана хъизаналъе ругьунаб иш. Гьединлъидал батизе ккола гьелда гьаб хIалтIи берцин бихьарабги. I977 соналъ гьелъ лъугIизабуна Москваялъул культураялъул институталъул библиофакультет. - Ва гьелдаса байбихьун 46 соналъ хIалтIулейги йиго, - ян абуна Муслимат ХIасановналъ разиго.

Хъулухъал ралагьизе, цIар гьабизеги жий лъугьинчIилан бицана гьелъ. Жиндие бокьулила рахIатаб хIалтIиги хъизаналда цадахъ гIемераб заман тIамизеги. Гьеб журналалъул гьумералда кодой ккун йикIарай ясалъулги гьелъ гьадин бицана.

- Дир кIудияй яс Калиматие гьитIингоялдаса бокьулаан кьурдизе, гьей кьурдулаан «Асса» ансамблялдаги. Амма тIаса бищана психология. ЛъугIизабуна ДГПИ. 90 соназда, Кавказалда рагъулал ишал ругеб заманалда, чачаназул лъималгун хIалтIана ЮНЕСЕФ программалда рекъон. Гьелъ гIумру гьабулеб буго Краснодар мухъалъул Адлералда. Лъабго лъимерги гIолеб буго гьелъул. КIиабилей яс Зулейхатги кIудиялда хадуй доего Адлералде ана росгун. Гьезулги ругоункъо лъимал. Лъабабилей яс Бадрижат – балерина, Дагъистаналъул операльулгун – балетальул Театральул солистка ва ветеран, Дагъистаналъул, Чачаналъул ва Ингушетиялъул мустахIикъай артистка. Гьелъулги руго кIиго лъимал.

КIикъого соналъ нахъехун гIумру сверизабизе бажарулебани, гьеб батIайиса гьабизе бокьилаанищилан гьикъидал, Муслимат ХIасановналъ абуна, жий гIумруялдаса кидаго разияй йикIанила ва гьеб хисизабиялъул хIажалъиги кидагIаги бихьичIилан. 80 соназда бихьараб захIмалъи – къварилъиги Горбачёвасул цIигьабун гIуцIиялъул ккараб къваридаб хIасилги, киназдаго гIадин рагIаниги, жидер хъизаналъе абизегIанасеб къварилъи ккечIиланги абуна гьелъ. ГIумру букIанила чIчIара - хьараб, заманалда рекъон талихIаб. ЧIахIиял анищал жидерги рукIинчIила, гьоркьохъеб гIумру гьабизе ресги кканила.

***Лъабго ясалъул эбеллъун ва гьезулги ичIго лъималазул кIодоэбеллъун йикIин кIудияб талихIлъун бихьулеб буго Муслимат ХIасановна Абакаровалда. Гьелде тIаде ригьнал талихIги, ракIалъе къабулаб хIалтIиги, гIемераб цогидабги буго дой 40 соналъ цее журналалда яхъарай талихIай эбелалъ жакъаги жий талихIайлъун йикIин тастикъ гьабиялъе хIужжабилъун.***

**Виолетта РАТЕНКОВА**



# ХАЛАРО ДИДА…

- *Гьая, ГІали, бицея, кинаб кечІ дуда лъалеб?*
- Мишка касалапи…
- *МагІарулалъ бицеха.*
- Халаро дида.
- *Щай лъалареб, дуда ясли-ахалда кучІдул малъуларищ?*
- Махула…
- *РикІкІеха дуе бищунго бокьулеб.*
- Зайку бросила хазяйка, падаждем асталас…
- *Гьеб гуроха. «Эбел кьижун йиго, гьей свакан йиго...» лъаларищ? Дун гьитІинаб мехалъ нижеда малъулаанха. Гьале дида жеги ракІалда буго.*
- Халаро. Нижер садикалда гьединал кучІдул махуларо.
- Лъица дида абулеб
ГьитІинав чи вугилан:
ГІанкІуязе ролъ бала,
Рохьдолъе боцІи гъола…
- Уу, гьебги халаро…

**Гьадин абуна дида росулъа вачІарав гьитІинав ГІалица, кьварун бадивеги валагьун.**

**ГьебсагІат гьесие хІалае яхъана гьесул эбел:**

- *Зачем нам эти стишки? Даже, мамал? Главное, к школе мы будем знать русский. Обойдемся без магІарулалъ кучІдул. Вот и я не знаю гьел кучІдул и ничего.*
- Дудаяли гІурусалъги лъаларо гури.
- *Лъалароха. ЛъачІогойилан гІадамазулалдаса камураб жо щиб бугеб? МагІишат гьабизе лъазе ккола, лъикІаб, гІарац щолеб гІадаб хІалтІи балагьизеги лъазе ккола. Гьелъиеги магІарул мацІ точна къваригІунаро. Так что, дорогая Бахушка, не пудри нам мозги.*
- ВахІ, тІокІаб жо къваригІунарищха?...

**Хадуб ккараб хабар хъван халат гьабиларо. Амма батІияб пикру бугел улбул яги ясли-ахалъул хІалтІухъаби ратани, магІарулалъ гьитІичазе кучІдул ралагьулел, ма, цин гьал ХІасан ХІабибовасул кучІдул лъазаре.**

Баху МУХІИДИНОВА



## ХIасан ХIабибов



### КИДА КIУДИЯВ ГIОЛЕВ?

Радал тIадеги вахъун,
Гурун гъежгун хIалтIизе,
КидагIаги, баба, дун
Дагьав кIудияв гIолев?

МугIрул сверабаздасан
Барти боржинабизе,
Бакъ каранда боркьараб
Росдал хIажат тIубазе.

ХIубазе гвенд бухъизе,
Борхалъуда квалквазе,
Кварида тIад кьурдизе,
Кьурабалъ кьоял лъезе,
КидагIаги, баба, дун
Дагьав кIудияв гIолев?

### ХАЛИСАТ

Халисат лъутIарула
ЛъикIай устар киниги,
Кодой рукIкIенги босун,
Берцинго юкъарула.

ХIалтIудаса вуссиндал
Инсул ретIел чururла,
Жинцаго итуги чIван,
ЧIухIадго нахъе лъола.

Азбар-къоно лъухьула,
Лъадае екерула,
Киналго рукъзал чурун,
Чини гIадин рацIцIуна.

ЦIализе лъикIай йиго,
Лъималазе йокьула,
Лъаларезе кумекги
Кидаго гьелъ гьабула.

Эбел-эмен чIухIула
Халисат гIолей йигин,
ГIурдада тIегь гIадинан,
ТIогьолъ Манарша гIадин.

### ТАМАШАЯБ МАШИНА

Мансур-дацица бачун
БачIун буго машина,
МугIрул тIогьиб бахунеб,
Борхалъуда сверулеб.

Жибго кIудияб буго,
Гьакал чIахIиял руго,
ТIад лъураб хIикматаб жо –
Лъим щвалеб къали буго.

Шоферасе бокьани,
Гьелъ цIад базе гьабула.
Гьарун, Рукъи, Къадилав
Кьойил гьелъукь чвердола.

Росдае кумек буго,
Капуста-пер лъалъала,
Херал, беццал, рекъазе
Кьойилго лъим баччула.

Мансур-дацица бачун
БачIун буго машина,
Тамашаяб хIикматаб,
ХIалтIизе цIакъ жигараб.

### КIУДИЯВ ГIУН ВУГО

Лъица дида абулеб
ГьитIинав чи вугилан:
ГIанкIуязе ролъ бала,
Рохьдолъе боцIи гьола,
Эменгун цадахъ лъугьун,
Харил гIархъал гьарула;
Хъухъан бичIун цIулги лъун,
ЦIа печалъуб бакула;
Эбелалъе квер бакъун,
Кухниялда хIалтIула;
Картошкаги чехъола,
Чурун цIарагIги лъола;
Чанго нухалъ кIодохъе
Щвезеги дун ваккула,
Щиб хIажат батаниги,
Босун аскIоб лъун тола.
Рукъ цIурал расанкIаби,
Роржунел самолетал,
Къо-мех лъикI гьанже нужей,
Дун кIудияв гIун вуго.

### ЯСЛИ-АХИКЬ

Ясли-ахикь кидаго
Аваданлъи букIуна.
Абакар чода рекIун
Чанго бакIалде щола.
Шагърузат гьулакалда
Гьаваялде яхуна,
Ханзадай поездалъул
Проводниклъун лъугьуна.
СагIитица къед бала,
Къади крангун вуго,
Кьойил машинабаца
Баччулеб кирпич буго.
ЦIиркъги, циги, цакьуги
Цо рокъор жанир чIола.
Цоцалъ рукьабиги ххун,
Хал гьабе, цо сверулел.
Ясли-ахикь кидаго
Аваданлъи букIуна,
Гьудуллъи цолъи буго,
Цадахъ кучIдул ахIула.

### ГЬЕРСИХЪАНЛЪУН ВУКIУНГЕ

Вай, гьерсикIу, гьерсикIу,
Гьебищ дуда рагIараб?
Вай, гьерсикIу, гьерсикIу,
Гьебищ дуда бихьараб?
Бихьа-бихьараб бицун
КIал гаргазе кколаро.
РагIа-рагIараб гьурщун
Гъелъул гохI гьабуларо.
ГамачI речIчIун гордал цIер
БекичIилан абуна,
Айзанатил цIараб гъал
ЦIачIиланги чIун вуго.
ГьерсикIуян лъураб цIар
ЦIакъ сурукъаб жо буго.
ЛъикIав цIалдохъанилан
ЦIар боси берцин буго.

### ХIЕЛЕКО

Габурги цебе битIун,
Керенги цIутIизабун,
Жиб гуреб гьечIеб гIадин,
ГIегIедана хIелеко.
ХIалиматил къетIасан
Къадил рагьтIе боржана,
Бахъараб гьури гIадин
ГIанкIабазулъ речIчIана.
ГIамал кIодого лъугьун,
КIичIизабун бетIергун,
ТIинчIаб хIелекоялде
ТIаделъана багъизе.
Гьеб лъайдал ТIалхIат-дацил
ХIелеко буцIцIун чIечIо,
ХIалихьат балагьизе
Бахъана гьеб къватIибе.
Амма гьебгун багъичIо,
Рагъ рекъараб жо гьечIин,
ЦохIо нухалъ гIегIедун
ГIадлуялде бачана.

# ЛЮМИНАРИ – КАНЛЪИ КЬОЛЕБ БАКI



Дагъистаналъул мугIрузул росулъ ургъараб ва лъай кьеялъе хIалтIизабулеб гьеб проекталъул хIакъалъулъ гIемераб бицунебги хъвалебги буго. Исана I5 маялъ Ахты районалъул Хрюг росулъ букIана «Люминари» лъайкьеялъул централъул щуго сон ва гьеб проект ургъарав, «Просвещение» фондалъул президент МахIмуд ГIабдулжелилович ГIабдулкеримов гьавуралдаса 90 сон тIубай кIодо гьаби. Гьенир гIахьаллъана нижги.

МахIмуд ГIабдулжелиловичасда гьениб киназго МахIмуд – мугIалимилан абулеб бугоан. Халатаб ва берцинаб гIумру гьабун бугоан гьес. Педагогикияб институтги лъугIизабун 50 соналъ хIалтIун вуго школалда гIурус мацIалъул ва литератураялъул мугIалимлъун. ГIемерал соназ гьев вукIун вуго директорлъун ва щун буго «Дагъистаналъул мустахIикъав учитель» абураб цIарги.

ЦIалдохъабазе МахIмуд – мугIалим вукIун вуго лъай бугев, лъикIав учительлъун, гIемеразул бижизабун буго жиндирго предметалде унго-унгояб рокьиги. Инсул нух ккурал васал ГIусман ва ГIабдулжелилги руго гьесул.

Вацал ГIабдулкеримоваз бицана «Просвещение» фондги «Люминари» централги ургъун ва рагьун бугила росдал лъималазул творчествоялъул ва интеллекталъул рахъал рагьизе, гьелъие цебетIураб технологиялдаса пайда босизе малъизе мурадалда. Гьелде тIадеги фондалъ гIарцудалъун кумек гьабулила Дагъистаналъул шагIирзабазул ва хъвадарухъабазул тIахьал рахъизе, мискинал хъизаназдаса цIализе гъира бугел лъимал вузазде лъугьинаризе ва цогидалъеги. Фонд гIуцIун ва хьихьун буго рес бугел, садакъа гьабулел гIадамазул кумекалдалъун.

… Цебе чIезабе пихъил ахакь, тIогьолаб майданлъиялда бараб, сверухъ лъикI къачIараб чанго мина. Гьезул аслияб буго унго-унгояб щулалъиялда релъараб. Гьенир жанир руго

компьютеразул классал, библиотека, лабаратория ва медиастудия. Минаялда тIад буго гIемерал рахъазде гордаби ралагьараб, гургинаб тIохалъул, гвангъараб рукъ. Бицана, гьеб бугила лъималазе бищунго бокьулеб бакIги. ГIодор тIамун руго берцинал халичаби, сверухъ лъун руго гIодор чIезе тамахал къандалъаби. Гьениб рес буго рахIаталда хабар - кIалалда рукIине, пикраби рикьизе, сардил заманалъ абуни, сихIкъотIиялда, зодор цIвабзазухъги сверухъ ругел мугIрузул тIогьазухъги ралагьун заман тIамизе.

Аслияб минаялда аскIоб буго кIудияб лекторий. ЦIорол аквариумалда релълъун бихьула гьебги. Гьенир тIоритIула лекциял, репетициял, рихьизарула киноял.

Лекториялдаса рикIкIада гьечIо гьалбадерил рукъ. Гьеб бан буго гIадатияб магIарул мина гIадин – къадал руго гачица рохьун, буго кIудияб рагьараб рагъи, цIулал гордал - нуцIби, хасало гьениб бакулеб буго цIул бухIулеб печ.

Дагьабги добегIан буго тIохда телескоп лъураб минаги ва гьенисан лъималазда бихьула зодоб бугебщинаб…

Росулъ ток зама - заманалда къотIулеб букIиналъ, цIалуе квал - квал гьечIого букIиналъе, Централда лъун руго бакъул батареялги.

Гьенире росулел руго I0 – I7 сон барал лъимал. Дарсал унел руго бакъанида сагIат лъабгоялдаса маркIачIуда сагIат анкьго тIубазегIан. Гьеб заманалда лъималаз гьабулеб буго жидеего бакьараб иш. Цояз химиялъул хIалбихьиял гьарулел руго, цояз тIехь цIалулеб буго, сайтал лъазарулел руго, роботал ракIарулел руго, кинофильмазухъ ралагьулел руго, суратал рахъулел руго, мацIал лъазарулел руго… Гьенир гьечIо дарсалги экзаменалги.

Гьенир руго лъай кьеялъул программаби – кидагосел ва модульниял. Кидагосел гьел ккола кумекалъулал гIелмабазул, мацIазул, роботазул ва программабазул. Модульниял – щиб букIаниги темаялда къокъаб заманалда жаниб, анкьица, моцIица щиб букIаниги лъазаби.

Централъ цадахъго къабул гьарун цIализаризе бегьула I00 ялде щвезегIан чи. ГьабсагIаталда гьенив вугоан 30 цIалдохъан. РакIалде ккана, Люминаралъул жидерго транспорт букIарабани, гьенире лъай босизе рачIунел гIемерал рукIинаанилан. Цогидал районаздасаги рачине бегьилаан лъимал.

Программалъул нухмалъулей Алина Михайловна Василенкоца бицана жидер мурад гьечIила цо кинаб букIаниги предмет гъваридго лъазабизе лъимал тIами. Гьеб мурадалда школа хIалтIизе кколила. Жидер Централда лъимал ругьунлъизе кколила лъаялдаса пайдаги босун хIалбихьиял гьаризе.

Ниж руччабазул журналалъул вакилзаби рукIинги лъан, Алина Михайловналъ бицана Централда гIемерал руччаби ругила жигаралда хIалтIулел ва киналъулъго гIахьаллъи гьабулел: Асель ГIалиева, Фатима ДжабрагIилова, администратор Раиса, жийго Алина Василенко кколила щиб



# Женщина Дагестана

4/2023

**На аварском языке**

**Учредитель:**
Агентство информации и печати Республики Дагестан.

**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru

**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru

**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.

**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.

**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**

Дата выхода в свет 15.08.2023 г.
Формат бумаги 60 x 841/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0701. Тираж (3355) 788 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложках:**
I – Глава администрации МО «сельсовет Цурибский» Муслимат Муртазалиева; II, III – фотоэтюды «Дагестан туристический»; IV – «Рассвет на Каспии» фото Г. Курбан-Адамовой.


букIаниги кIвар бугеб иш тIаде босун тIубазабулел гIадамал.

Центральул программаялъул цо гIахьалчIужу Фатима ДжабрагIилова проекталде гъорлъе гьеб рагьилалдего ккун йиго. Гьей йиго МахIмуд – мугIалимасул васасул яс, журналист, телевидениялда передача бачуней, хореограф, ораторлъиялъул ва цогидалги гьунаразул гIадан. Проекталда гIахьаллъарал соназда жаний гьей жийгоги хисана. Цин йикIана нухмалъулей директорлъун, хадуй финансазул жавабияйлъун. Гьанже гьелъ бачунеб буго коммуникациялъулаб отдел, амма командаялъ гьелда абулеб буго атмосфераялъул директорилан.

- Гьанже дица ораторлъиялъ гьунаралъеги гьарула лъимал ругьун, - абун бицана Фатимаца. – Гьаниб лъималазул рес буго жидеего бокьараб рахъалъ церетIезе. ГIемеразе бокьула театр, кино, кьурдаби ва кечI ахIи гIумруялъул ишлъун тIаса бищизе. Гьединазеги кумекалъе батизе ккола гьаниб щолеб хIалбихьи. Чиясул ихтияр букIине ккола ракIалъе бокьараб махщел, пиша, иш тIаса бищизе ва гьелъие квербакъи гьабизе ккола.

Гьединаб рес Централда бугилан нугIлъи гьабуна гьенир ругел цIалдохъаби – ясазги.

Хадижа: Дида гьаниб малъана кинабго тIасан гIадин бихьизе, мурадалде щвеялъе нух балагьизе. Гьаниб гIицIго щибалиго лъазабиялъул хIалбихьи щвей гуребги, ругьун гьарула гIенеккизе ва нилъго нилъедаго рагIизеги. Дир гьалмагъзаби - ясазе бокьун буго тохтураллъун, юристаллъун, экономисталлъун рахъине. Дица гьелги гьанире ахIулел руго, дунялалда ругелщинал лъикIал махщелалги ишалги рихьизаризелъун. Гьание хьвадизе лъугьиндал дицаго хIукму гьабуна химиклъун яхъине.

Наида: Гьание дун ячIун йикIана классцоялгун, гьадинго яккизе. Гьанже ругьунлъана ва чIезе кIоларо ячIинчIого. Дие гьаниб кинабго бокьула – квегIенаб библиотека, лабораториялда хIалбихьиял гьари, сайтал рагьи, программаби гIуцIи, медиа – файлалгун хIалтIи. Бокьула, дицаго сценарияги хъван, гьелда рекъон мультфильмал гьаризе. Бокьула къватIиса рачIарал резидентазул проектал рихьизе ва лъазаризе. Гьездаса гIемераб цIияб жо лъала… Дица жеги щулияб къотIи диего гьабичIо, амма гъира буго литераторлъун яхъине. Гьеб буго хIикматаб дунял, лъанги бахъунареб, лъазабичIого тезеги бажарулареб. Дие бокьун буго Люминаралъе баркала загьир гьабизе, гьадинаб рес нижее кьуралъухъ.

Проекталъул цоги мугIалим – насихIатчи Павел Макляровский ккола Москваялдаса IT ялъул специалист. Гьесги абуна жив кIудияб гьирагун вачIунила щибаб нухалда Хрюгалде, гьанир ратулила жинда цIиял пикрабиги, гьел гIумруялде рахьинариялъул хIалбихьиги щолила.

Лъималазе гьеб Центр лъугьун буго жидерго лъай борхизабиялъул ва батIи – батIиял рахъазда гьеб хIалтIизабиялъе хIалбихьи щвеялъул лабораториялъун. Гьениб бокьараб информация буссинабизе бегьула медиа – форматалде, бахъизе бегьула клип яги мультик. Гьенир ругьун гьарула гIемералда гьоркьосан къваригIараб бищизе, цIияб ургъизе.

***Бищунго аслияб жо – гьенир ругьун гьарула ургъизе, анишал гьаризе ва гьел анищал гIумруялде рахьинаризе.***

**Сульгият БУЛГАЕВА**



Гнездо из камня и тепла,
Частица доброго огня,
Источник, где, звеня, текла
Вода, вспоившая меня...

Р. Гамзатов



ИНДЕКС ПМ803

6+

Цена свободная